**ХIоттийнарг – доктор Іумар ІабдуллахI Камил**

**Іарбийн маттера – Илесов Іелин Іарби**

**Рецензенташ – М. Р. Эдихаджиев, С.Р. Магамедов**

# Керлабевлла хаварижаш

# Экстремисташ

**Гуьмсе 2020**

**Экстремисты. Новоявленные хариджиты.**

**Составитель – доктор Умар Абдуллах Камил**

**С арабского – А. А. Илесов. 88 с.**

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

**Шайх Юсуф Къордавийн хьалхара дош**

Хастам бу Iаламийн да волчу АллахIна! АллахIера салам-салават хуьлийла Делан Элчанна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, цуьнан нийсачу некъана тIаьхьа мел баьзначарна а!

Барамал тIехвийлар – иза чолхе цамгар ю, цхьана стагана хилла ца Iаш, юкъараллина, дерриге халкъана кхераме йолуш. Башхалла яц, и барамал тIехвийлар динехь хиларх я дуьненахь – динна дуьхьал – хиларх. Вайн заманахь оцу барамал тIехвийлархь дуьйцучохь (дукхахболчара) иза, къаьсттина, динца дузу. Цара и дуьйцу, динехь долчу барамал тIехвийларал кхераме, зуламе, динехь доцу барамал тIехвийлар долушшехь. Дукха хьелашкахь, динехь доцу барамал тIехвийлар хуьлу - динехь долу барамал тIехвилар кхолладаларан бахьана.

Ислам – барамал тIехвийлар къобал ца деш долу, уггар доккха-деза дин ду, цуьнан и цIе (динехь барамал тIехвийлар) ша ца яьккхинехь а. Делахь а, цIерш тидаме оьцуш яц, коьртаниг – оцу цIерийн маьIна, чулацам бу.

**Ислам-динехь барамал тIехвийлар хIокху цIершца хьахийна ду:**

**Хьалхара цIе:** «ТIехвийлар». Цунах лаьцна Ибн Iаббасера (Дела реза хуьлийла цаьршинна) хьадис деана, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Динехь тIехвийларх ларлойла шу. Баккъалла, шул хьалхарнаш динехь тIехбийларна хIаллакьхилла».** *Ахьмад, Абу Давуд.*

**ШолгIа цIе:** «Юкъанеккъара долчул тIехбуьйлурш (дан ца дезачохь, хIума чIагIдеш берш)». Цунах лаьцна ду Ибн МасIудера (Дела реза хуьлийла цунна) деана Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIара хьадис: **«Юкъанеккъара долчул тIехбуьйлурш хIаллакьхилла».** *Муслим.* ХIуманна тIехбуьйлурш – уьш бу хIуманна юкъанеккъара дерг ца лардеш, тIехбуьйлуш, хIуманна кIорге гIерташ берш.

**КхоалгIа цIе:** «ХIума чIагIдар, даздар». Цуьнан хьокъехь Анасехула (Дела реза хуьлийла цунна) хьадис деана: **«Шаьш шайн догIмашна хIума даз** (чIагI) **ма де, аша даздинарг шайна чIагIлур ду шуна. Баккъалла,**

**шайн догІмашна хІума паздинчу къомана, шена и хІуманаш дазделла. Церан тІаьхье йисна кельяшна, дуьненна букътоьхначу килсашна а чохь. МозгІарш бу уьш, шайна омра динчул а сов хІуманаш юкъадаьхна болу».** *Абу ЯІла.*

Бухарис далийна Абу ХІурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) хІара хьадис: **«Цхьа а шена дин даздеш, чІагІдеш хир ма вац, и дин цунна тІехь** (дІа ца лелалуш) **тоьллий бен».**

**ЙоьалгІа цІе:** «Хало яр». Анасера (Дела реза хуьлийла цунна) деана, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дин лелор атта делаш, халчу ма даккхалаш. Хаза дийцалаш, къехка ма велаш».** *Бухари, Муслим.* Абу Мусас, МуІаза а (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шаьшшиъ Йемене вохуьйтуш, шаьшшинна хІара весет дира, аьлла: **«ХІума дайде, хала ма де, хаза дийца, къехка ма ве, шаьш дуьйцург цхьаъ хилийта».**

Хало яр бохучун маьІна – атта долу хІума хала дар, дайн долу хІума паздар ду. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«АллахІ шуна атто ян лууш ву, шуна хало ян лууш вац».** *«Аль-Бакъарат», 185.* Ткъа хаварижаш, АллахІа шен халкъана йина атто халонца хуьйцуш бу.

**ПхоьалгІа цІе:** «ХІуманах къахкор». ХІокху хьокъехь ду лакхахь далийна ши хьадис. Хало яр, дукхахьолахь, фикъхІехь, фатва даларехь хуьлуш ду, ткъа къахкор – хьехам барехь, кхайкхам барехь хуьлуш ду. Исламана, бусалба стаг, дерриге уммат санна, юккъерчу барамехь хила лаьа, барамал соввийлар доцуш, ледарлонца иэшам бар доцуш. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«АллахІа стигал аййина,** (нийсонна) **терза хІоттийна, оцу терзанахь шу барамал тІех ца довлийта. Терза нийса леладе, узучун барам лах ма бе».** *«Ар-Рохьман», 8-10.* Иза ду вайгара дезаш дерг: терзанца харцо ца лелош, терза дайн ца узуш, юккъерчу барамехь хуьлуш, нийсо лелор.

Веза-Сийлахьчу АллахІа, бусалба уммат хастош, боху: **«Оха юккъера барам ларбеш долчу умматах дира шу, шуьга нахана тоьшалла дайта, Элчане шуна тоьшалла дайтархьама».** *«Аль-Бакъарат», 143.*

Юккъера барам, дикалла бохург хилла ца Іаш, кхин а нийсо яр, юкъанеккъара хилар бохург ду. Имам Іалис (Дела реза хуьлийла цунна)

аьлла: **«Шайн лелар** (амалш) **юкъаметтарчу барамехь хилийта, тӀаьхьавогӀург оцу бараме кхиор волуш, барамал совваьлларг шена тӀе юхаверзор волуш».** Хьасануль-Басрис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«ХӀара дин, динехь барамал тӀехвуьйлучунна, цуьнан барам эшош волчунна а юккъерчу барамехь ду».**

Барамал соввалар, шен бухехь, ойланца хуьлуш ду. Амма оцу барамал тӀехвийларо и цамгар шайца ерш шайна дуьхьал болчаьрца кӀоршаме хуьлуьйту, церан хьокъана тӀе куьйгаш кхийдадойту. Цундела, барамал соввийлар шогаллийца доьзна ду. Амма и шиъ вовшашца дозуш хилар бехкам бац.

Дукха хенахь дуьйна вайн умматна балебевлла, хаварижех болу, и барамал совбуьйлу нах. Цара шайна хьанал дира кхечу бусалба нехан, шаьш бохучунна дуьхьал мел волчун цӀий, даьхни. Цара копар ву элира Исламан цӀенчу воӀана Абу ТӀолибан кӀантана Ӏелина (Дела реза хуьлийла цунна). Цунна дуьхьал летира уьш, тешнабеххаца, ямартлонца вен а вийра цара иза. Шаьш цуьнан цӀена цӀий Ӏанош, Далла гергадуьгу Ӏамал еш хетара царна. Царах цхьамма, и вийнарг хастош, байташ ехира:

***ХӀай Делах кхоьручо тоьхна тохар,***
***Ӏаршан Да резаван бен тоьхна яцара ахьа,***
***Тахана аса хьахор ву иза,***
***Делан терзанехь уггар диканиг ву, аьлла.***

Ӏибадат дукха деш, дукха марханаш кхобуш, Ӏибадатца буьйсанаш денъеш, Къуръан дукха доьшуш бара уьш. Царах лаьцна деана хӀара нийса (достоверный) хьадис: **«Шуна шайн марханаш – церан марханел, буьйсанаш денъяр – цара буьйса денъярал, Къуръан дешар – цара Къуръан дешарал иэшам болуш хетар ду. Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац. Динах бовдур бу уьш, экхана чекхъоьккхуш болу пха санна».** Сийлахьчу хьадисо билгалдоккху, церан цамгар догӀмашца йоцуш, церан кхетамца, хьекъалца хилар. Къуръан доьшу цара, амма къамкъаргел дехьа ца долу иза.

Кхечу хьадисехь иштта хьахийна церан сурт: **«ХӀолламашна Ӏибадат дийраш хье ца бо цара, Исламан охӀла хӀаллакбо».**

Карарчу хенахь, оцу хаварижийн тӀаьхьенах йолу, барамал совбийлар шайца долу тобанаш балеевлла вайн умматна. Царах цхьаберш доггах, Делан

дуьхьа, лелаш хила мега, шайгахь гIийла, ледара Iилма, кхетам болуш. Царах кхечаьргахь, кхетам, Iилма доцуш, ниййаташ Делан дуьхьа доцуш, цхьана Iалашоне кхача беш кхайкхамаш, дIахьедарш бен, кхин хIумма ца хила мега. КIорггера хьекъал доцуш, цIена дегнаш доцуш хила а тарло уьш. Баккъалла а, Iехабелла уьш: шайн синоша Iехийна, шайн сатийсамех Iехабелла, шайтIано АллахIан хьокъехь Iехийна уьш.

Вайн лерамечу накъоста доктора Iумар IабдуллахI Камила тIелаьцна, оцу шаьш тешачу хIуманаша бIарзбина, массо барамел тIехбевллачу наха лелориг талларан, харцдерг билгалдеш, церан харц кхайкхамашна дуьхьало яран, Iилманан маттахь болх дIабахьа йолу Iалашо. ШариIатан делилаш далош, хетаршна, синлаамашна, озабезамашна, цхьа а маьIна доцуш хьоькхучу маьхьаршна тIаьхьа ца хIуттуш бина цо и болх.

Доктор Iумара санна, аса бира и барамал тIехъевлла тобанаш йовзийтарна, талларна, царна дуьхьало ярна тIехь болх, хIунда аьлча и тобанаш Ислам-динна, дуьненна, хIора бусалба стагана, дерриге умматна кхераме хиларх сой тешна дела. Оцу балхана лерина масийтта жайна яздира аса. Царах ду: «Инкарло ярна а, барамал соввийларна а юккъехь болу Исламан кхетам», «Бусалба нах ларарехь соввийлар», «Бусалба кегийрхойн кхетам…»

Вайна Алжирехь хилларг ма-гарра, барамал соввийларан жамI, тIаьхье – иза нехан Iанийна цIий, дайина сий, хIаллакдина даьхни, йохийна гIаланаш ю. Ткъа и дерриге, халахеташ делахь а, Ислам-динна тIетотту. Цундела сецира сан къолам, дош, ойла а нийсонна, юкъаметтара барамехь хиларна тIе нахе кхайкхам барна, и барам иэшош, дуьхьало ярна а тIехь. Кхузахь башхалла яц, фикъхIехь, фатва даларехь хиларх и, я хьехам барехь, даIват дарехь хиларх и.

Имам Аш-ШатIыбис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла-кх: «Уггар лакхарчу дарже кхаьчна муфтий – иза дукхахболчу Iеламнаха аьллачуьнца догIуш долу юкъанеккъарчу хIуманна тIе нах буьгуш, уьш халоне ца буьгуш, ца боькъуш, царна юккъехь къестамаш ца хуьлуьйтуш верг ву». ХIара дешнаш фатва даларан хьокъехь аьлла ду. Ткъа хьехам баран хьокъехь аьлла имама Iалис (Дела реза хуьлийла цунна): «Массо Iеламстеган а Iеламстаг вийций аса шуна? Иза дера ву, АллахIан лешка, Цуьнан къинхетамах дог ца дуьллуьйтуш, АллахIа таIзар дийр дац аьлла, стаг майра ца волуьйтуш верг». Кхечу дешнашца аьлча, нах юкъеметтарчу барамехь нисбо цо. Делан

къинхетамах догдиллал кхера ца бо, хIуъу лелийча а АллахIа Iазап дийр дац, олий, паргIат ца боху. Дикачунна тIе нисваран, вуочух юхатохаран, Делах кхерийтаран, Цуьнан къинхетамах догдахийтаран болх цхьаьна бо цо нахаца. ТIаккха адаман сица цхьатерра барамехь нисло Делан Iазапах кхерар, Цуьнан къинхетаме сатийсар а. АллахIа Шен цхьаболу леш ма-бийццара: **«АллахIан къинхетаме сатуьйсу цара, Цуьнан Iазапах кхера а кхоьру».** *«Аль-Исраъ», 57.* **«Эхартах кхоьруш, АллахIан къинхетаме догдохуш».** *«Аз-Зумар», 9.*

Доктор Iумара дика динчех ду, барамал соввийларан маьIна цо кхоччуш билгалдаккхар, хIунда аьлча цхьаболчу наха маьждигехь ламаз дийриг, маж яхйолуьйтург, хьижаб лелориг барамал совваьлларг лору. Барамал соввийлар – иза адамца (*амалца*) хуьлуш йолу башхалла, арахьара агIо ю. Баккъалла, Делан нийсачу некъо кIелхьара ца ваькххинарг, барамал соввийларе я барам иэшоре воьрзу. **«Баккъалла, иза** (адам) **зуламе, хIума ца хуу** (жехIил) **ву».** *«Аль-Ахьзаб», 72.*

Кхузахь вайна билгалдолу, барамал соввийлар массо динашкахь, мехкашкахь хуьлуш хилар, Исламан мостагIаша ма-баххара, деккъа цхьа бусалба нахана юккъехь хилла ца Iаш.

Дош дерзош, АллахIе доьху ас, доктор Iумар хьекъалехь соввакккхар, тавфикъ далар, нийсонна, диканна тIехь чIагIвар, тхо, иза а оцу барамал совбийларна дуьхьал нийсонца, юкъаметтарчу барамехь хилийтар. Царна дуьхьало ярехь тхаьш совдовларх лардар доьху оха Деле. Иштта АллахIе доьху оха, Iумарх, тхох а Цуьнан динан гIоьнчий бар, лаьтта тIехь Делан дош айбарна, АллахIа Шен ваIда кхочушйина, хIокху умматна паргIато елла, Ислам-дин толлалц. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Царна лаьа, шайн харц къамелашца Делан нур дIадайа. Амма АллахIа цаьрга иза ца дойтуш, Шен нур даржор кхочушдийр ду, копаршна мел ца лаахь а».** *«Ат-Тавбат», 32-33.*

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

**Дешхьалхе**

Вай ийманехь нисдина, дегнашна и хаздина, керсталла, Iесалла вайна къахьйинчу АллахIна хастам бу! Делера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш ваийтинчу Делан Элчанна, цуьнан доьзална, цуьнан нийсачу

некъа тІехь нисвелла, къематде даллац цуьнан Суннатна тІаьхьаваьзначунна а!

Вай дехаш ду, нах тайп-тайпана некъашка, масийтта кхетамашка бирзина, тобанашка бекъабеллачу заманахь. Амма оцу кхетамашкахь, хетаршкахь барамал совбуьйлу нах. Оцу хІора тобанна ша бакъ ю аьлла хета. Ша нийсачу Исламехь ю, кхин цхьа а тоба бакъ яц, боху цара. И тобанаш дукха ю, масала, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабаш сийсазбеш, суннат деанчун дозалла эшорца, суннатан дозалла иэшош болу шииташ. Шайн имамаш базбо цара, шаьш бохучунна тІехь боцурш беза а ца беза.

Бусалба юкъараллина уггар кхерамечех тоба ю Іалманийййуна цІе йолу тоба. Дин дуьненан Іилманца догІуш хила деза, барамал тІехвийла ца веза, бохуш, дІахьедарш до цара. Оцу дешнашна тІехьа лечкъина, бусалба нахана юкъа а кхетта, дин шен орамехь дохо Іалашо ю церан. Цара шайн боьха куьг Делан Къуръанна тІе кховдийра. Царах цхьамма хазийнера, Къуръана чохь низам дац, гІурт бу, аьлла.

ХІокху жайни тІехь аса юьйцуерг – Исламехь уггар хьалха барамал совъяларца гучуяьлла тоба ю. Уггар тилаелла, нийсонна тІера галъяьлла тоба ю иза. Уьш хаварижаш бу. Тахана царах – террористаш, барамал совъяларца дІакъаьстина тоба, дин лелор холчу даьккхинарш олу. И цІерш схьайовларан бух – ингалсан маттера оцу цІершна дина галл (нийса доцу) гочдарш ду. Амма царна кхин цхьа а цІе ца йогІу, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) царна тиллина хаварижаш аьлла цІе йоцург. Уьш динах бевддарш бу, **«динах бовдур бу уьш, экхана чекхъоьккхуш болу пха санна»**, аьлла цо.

Церан тоба уггар кхераме, боьха, къиза, цІийн тоба ю. Бусалба нахаца йина чІагІо, барт ца Іалашбо цара. Цара тергал ца до маьршачу адамийн, берийн, зударийн, заьІап нехан хьакъ. Иштта, шек ца бовлуш, хьаналдо цара шайн олаллина кІелахь бехачу кхечу динехь болчу нехан даьхни, лаьтта тІехь зулам даржор а. Шайн ирчачу балха тІехь, кхерамечу зуламца цара юьхьарлаьцна, Дела цхьаъвеш болу бусалба нах мушрикаш, копарш ларар. И болх цара дІахьо, копарийн, мушрикийн хьокъехь диссийна аяташ массо муъмин нахана тІекхохкарца, тІедерзорца.

Муъмин нехан паччахьа Абу ТӀолибан кӀанта Ӏелас (Дела реза хуьлийла цунна) хьехна вайна, цаьрца муха къамел дан деза, царна муха дуьхьало ян еза. Цо шен девешин кӀант ӀабдуллахӀ бин Ӏаббас (Дела реза хуьлийла цаьршинна) вахийтира царах уггар хьалха «Хьукма Дала динарг (Делан) бен дац», аьлла дош айбина гӀевтинарш кхето, къамел дан а. Цо аьллера, и дешнаш («Хьукма Дала динарг бен дац») бакъ дешнаш делахь, уьш кхайкхош болчарна лууш ерг харцо ю. Тахана царах цхьаболчара юх-юха харц (дастамбевлла) кхайкхамаш бо, хаза, кӀеда-мерза къамелаш до, бусалба нах копарш бархьама, церан паргӀатонан, нийсонан, аьттонан  бух бохийна, оцу хьолехь уьш ца латтийтархьама.

Тахана вайна гуш ду, хаварижийн тӀаьхье, массо хьаькам, Ӏеламстаг, бусалба нах копарш бу ала майрабовлар. Ткъа церан хьалхара стаг Зуль-Хувайсират Ат-Тамими – царал тӀех чӀогӀа жехӀил, эхьдоцу стаг хилла, хӀунда аьлча Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) зулам дина, аьлла цо. Цара мел лелийнарг, церан сибаташ яздина карор ду хьуна хӀокху жайни тӀехь, лераме дешархо. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), ларло, баьхна-кх вайга оцу жехӀил, акха Ӏарбийн тӀаьхьенах ер йолчу тобанах. Массо заманахь тайп-тайпанчу цӀершца, сибаташца карлайолуш, гучу ца йолуш Ӏийр яц и тоба. Амма оцу тобанан кхайкхам, кхетам – хьалхалерчу хаварижийн кхетам, кхайкхам хир бу. ТӀаьхьарчу заманахь дажалан эскарна тӀаьхьа а хӀуьттур бу уьш.

Сан цецвалар чӀагӀдийриг – оцу хаварижийн кхетам кхераме хиларан цхьаболчара ойла ца яр а, оцу тобано шайн жайнаш арахецарх лаьцна хӀумма ца олуш Ӏар а ду. Киншканаш яржийна цара, механа вуно йорах йолуш, шайгахь Ӏилма доцу нах шайн мазхӀабе берзош. Цундела кегийчу нехан хьекъал артделла, хаварижашна дуьхьало еш, царах ларло бохуш Ӏеламнах кӀеззиг бу. И бахьанехь марсабаьлла цара бен (бусалба нахана, копарш аьлла, цӀерш тахкаран) болх. Шайна реза боцчарна, ширк деш бу, бидӀат лелош бу, бохуш, цӀерш тахкарехь вовшийл хьалхабовла къийсалуш бу уьш, и чӀагӀдан цхьа а бух я делил шайн доцушшехь. Цул сов, Веза-Сийлахь АллахӀ цхьаъвеш, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнга деанарг бакъдеш, дашца, Ӏамалца Ислам-динца бозуш болу бусалба нах беххебан майралла кхечира царах цхьаболчеран. Бусалба нахана «жехӀилш», «хӀолламашна (жӀарашна) Ӏибадат дийраш», «кешнийн охӀла» бохуш цӀерш тоххура цара. И цӀерш тоххурш ца кхета, и цӀерш кегийчу нахана юкъахь

яржар кхераме хилар, хIунда аьлча оцу кегийрхоша и цIерш йоху, церан маьIнех кхеташ а боцуш.

Оцу нахах, шайл хьалхарнаш санна, шаьш кхеташ доцчу дешнийн (куфр, ийман, доккха къа) леш хилира. Оцу дешнашца бусалба нехан цIий хьанал а деш, царна тIелетарш дора цара. Нах хьийзабора цара; церан къизаллех, цара хIаллакдарх шайн догIмаш хьалхадахархьама, шаьш ширкалла дина моттуьйтура цхьаболчу бусалба наха.

Шаьш бохучунна бен тIаьхьа ца бозура уьш, цхьадолу, шаьш билгадаьхна, жайнаш бен ца доьшура. Шайн синошка, кхетамашка бирзина беха уьш. Бусалба баккхийчу Iеламнехан жайнаш дешар, бусалба Iеламнаха Iилманехь йитинчу хазнех пайдаэцар (и Iамор, дешар) хьарамдо цара. Амма шаьш хьукманаш доху, фатваш ло, шаьш бохучунна дуьхьал берш копарш лоруш, мушрикаш, бидIат лелораш бу бохуш, бехкебо цара. Кхиболу бусалба нах жехIил лору цара.

Бусалба нах копарш, тилабелларш лararна тIехь уьш сихбаларо хIара уммат декъна. Цул сов, шайн хетаршка, моьттучуьнга йирзина тобанаш а кхоьллина цара. Цул тIаьхьа и тобанаш кхидIа а, шайл хьалхарнаш санна, кхечу, шаьш бакъ хетачу, тобанашка екъаелла. Оцу хIора тобанна коьрте шаьш вазвина стаг хIоттавой, и бакъвеш, вазво, шаьш юьхьарлаьцначу некъара ца бовлуш, дIахIуьтту уьш.

Аса ларло боху, стаг копар варан кхерамах. Иштта тешна ву со, фикъхIан хеттаршкахь цхьанна хетачунна дуьхьал верг копар ву ала мегарг ца хиларх, хIунда аьлча Iилманехь цхьа жоп нийса хуьлу, важа гал хуьлу. Ткъа копар – иза куфр (керсталла) шен дин хаьржинчух я Исламаца ца хилча ца долу хIума къобал ца дечух, я дино хьарам я хьанал динчу хIуманна инкарло йинчух олуш ду.

Баккъалла, нах копарш лararехь соввийларо бусалбанашна, динан мостагIашна юккъера тIом хуьйцу, и тIом бусалба нахана вовшашна юкъахь дIабахийтархьама, Веза-Сийлахьчу Делан: **«Копаршца шога бу, муъмин нахаца къинхетаме бу»** бохучу дешан маьIна хуьйцуш, муъмин нах вовшашца чорда, кIоршаме бо, копаршца къинхетаме хилийтархьама.

Шеко йоцуш, эзар копар стаг копар лararехь гIалатвалар дайн ду, цхьа бусалба стаг копар варна тIехь галваьлла, цуьнан цIий хьаналдарал а. Стаг

копар лара 99 бахьана долуш, и вац ала цхьа бахьана долуш хьал хIоьттича, и стаг копар ма лара боху дукхахболчу Iеламнаха. Стаг копар вар – иза шариIатан хьукма ду, шен тIаьхье жоьпалле, мехала йолуш. Цундела массо Iеламнаха ларло баьхна стаг копар ву аларх. Цара дукха лерина теллина, бехкамаш хIиттийна стаг копар ву аьлла сацам барна тIехь. Оцу Iеламнехан коьртехь ву Ибн Таймийят. Хаварижаш, зуламца цIе кхолларца, иза шаьш бохучунна тIехь ву бохуш, цунах хьакхабала гIерта, цуьнан доккха Iилма, цо яздина дерриге жайнаш ца довзарна.

Бусалба нахана юкъахь Iеначу цIийно дегнаш Iовжийна вайн. Исламан цIарах Алжирехь хилларг дуьйцуш ду дерриг дуьненахь. Амма Исламах хьакхалуш дац цигахь хилларг. ДжихIад ду бохуш, ОвхIан-пачхьалкхехь Iедале кхача гIертачара цхьана а хIуманна бехке боцчу нехан цIий Iанийра. Иштта тIаьхьарчу хенахь Мисарахь туристаш байаро керста нахана хьалха Ислам-динан хаза цIе ца йоккхуьйту. Делан дуьхьа долу джихIад дуй иза? ХIокху кепара кхойкху-те нах Ислам-дине, АллахIе? Веза-Сийлахьчу АллахIа Шен Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iаламех къинхетам беш ваийтина. Ткъа кхарах Iаламашна бала, Iазап хуьлу. Шай махуьллу дуьхьалбевлла уьш, нах Делан дине ца берзийта. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«ХIай тхан Дела, тхох питана ма дехьа керсталла диначарна!»** *«Аль-Мумтахьанат», 5.*

Бусалба нахана бале, зуламе бевлира уьш къизачу белхашца, акхачу амалшца. Исламах ирча сурт кхолладолуьйтуш, нах Делан некъара боху цара. Царна ца хаьа те, Индонезехь, Малайзехь Исламан сийлахьчу гIиллакхашца, хазчу масалшца Делан дин даьржиний.

Бакъволу бусалба стаг декхар ву, хьекъалца, хазчу хьехамца нах дине кхайкха. Шен динехь боцчаьрга а бакълуьйш, цаьрца гIиллакхе хила везаш ву иза. ГIиллакхаш оьзда хилар, нахаца база хаар бахьанехь, дуккха къаьмнаш бусалба дине даьхкина, цхьа а тIом боцуш, Iанийна цIий доцуш.

ХIара жайна – «Керлабевлла хаварижаш» – барамал соввийларх ду, цуьнан цамгарх, кхолладаларан бахьанех дуьйцу кху тIехь. Иштта оцу цамгарх муха ларвала веза, дарба муха дан деза дуьйцу аса хIокху жайнахь. Цхьайолчу бусалба пачхьалкхашкахь яьржинчу оцу цамгарна дарба дарехь аса лаьцна гIийла дакъа ду хIара жайна. Иштта, умматан хаза, даггара хьехам баран важиб кхочушдеш, Исламе кхойкхучарах цхьаболчу нехан гал кхетамаш нисбар а яра сан Iалашо.

ХӀоккху хьокъехь дуккха бевзаш болчу Ӏеламнаха пайден жайнаш яздина, шайца нахана мехала хьехамаш болуш. Делахь а, и цамгар яьржачуьра соцуш яц. Цхьайолчу пачхьалкхашкахь и ун дижина делахь а, юха самадаьлла, оцу пачхьалкхашкахь бехачу бусалба нахана зулам дан тарлуш ду цо.

Цхьаболчу кегийрхоша, бусалба нах копарш, мушрикаш бу бохуш сийсазбен цхьадолу жайнаш доьшу, хьехамашка ла а дугӀу. ТӀаккха хаварижийн кхетамашка боьрзий, церан тешамийн, кхетамийн дӀовш молий, оцу кегийрхоша шайн куьйгаш бусалба нах байарна тӀе хьо. Цул сов, царах цхьаболчара, Ӏилманан барам байна, кегийрхошна цхьацца иэшаме кхетам ло жайнаш доьший, царна тӀера гал кхетамаш схьаоьций, шайн махка йохк-эцар лело, садаӀа я политикин гӀуллакхашца баьхкина кхечу динехь болчу нахана тӀе куьг кховдадо, церан цӀий, даьхни хьанал а до, и боккъал динца догӀуш ду моьттуш. Амма иза къизалла, акхалла бен яц. Иблисо тилийна уьш, хаварижех болу шайл хьалхарнаш санна.

Цундела, хӀора, ойлаян хьекъал, пайдаэца Ӏилма, яздан похӀма долчунна тӀехь декхар ду аьлла хета суна, бусалба умматан лазамашна дарба дарна тӀехь къахьегар. Вайн умматан уггар боккха лазам динца боьзна бу, цхьаберш барамал совбийлар бахьанехь. И барамал соввийларан цамгар бусалба нахана юкъа йоьлла, царна доккха питана, халонаш лар хилла цунах. Динан мостагӀаша бусалба нах тилорехь уггар доккха зулам ду оцу цамгаро динарг. И бахьанехь копарша олалла до бусалбанашна тӀехь.

ХӀара жайна, хаварижашна дуьхьал болуш, даггара бина хьехам, кийрара даьлла мохь-орца а ду. Жайна яздаран бахьана, Ислам-динан кхане ларъяр, бусалба нах оцу хаварижашка гал ца бахийтар бен дацара. Цара лелориг ган ца лууш, церан кхерамах лаьцна хаза а ца лууш вай дӀадолхахь, и бала массарех хьакхалур бу, цуьнан питана массо меттехь даьржар а ду. Ма хаза аьлла, шина сийлаллин маьждиган хидмат деш (служитель) волчу ФахӀд бин Ӏабдуль-Ӏазиза Джидда шахьарахь 1412 шарахь дӀаяьхьначу Ӏеламнехан фикъхӀан кхеташонехь: «Тхо кхоьру, бусалба нехан вовшашца гамо, шогалла чӀагӀъяларна. Цхьа кӀеззиг долчу (ишколера берашна хаа дезачу) хаттарехь я фатвахь шайн хилпло хилча (ойла цхьаьна ца еача), вовшашца мостагӀалла лелорна а кхоьру тхо. ТӀаккха хазарна кхерам бу, цара вовшашна копарш, тилабелларш, бидӀат лелораш боху цӀерш тохкуш, хьоькху маьхьарий».

Оцу хьекъалечу дешнел кхин нийса къамел дац, шайна тӀаьхьаваьзна, жохӀаллин боданах, тилаваларан некъах хьалхавала гӀо дийр долуш. Веза-Сийлахьчу АллахӀе доьху аса, вайн уммато хӀокху халчу хенахь ловш болчу балина хӀокху сан жайно гӀодар, уммат нийсачу некъахь нисдар. Нахана хьехам бар, маслаӀат дар бен, кхин хӀума лиъна дац суна хӀокху жайнахь. Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: «**Баккъалла, Сайн ницкъ ма-кхоччу маслаӀат дан лууш ву Со. Дела бен, сан аьтто бан цхьа а вац. Болх АллахӀан кара белла аса, дехар Цуьнга до».** *«ХӀуд», 88.*

ТӀаьххьара олу аса: «Хастам бу Ӏаламийн да волчу АллахӀна»!

**Къуръанна, Суннатна юкъара схьаэцнарг**

Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху:

**– «Цхьамма, шена хаа а хууш,** (бехке воцу) **муъмин стаг вехь, цуьнан бекхам – жоьжахати ю, цу чохь и гуттар лаьттар волуш. АллахӀ оьгӀазвахана цунна, неӀалт а аьлла, Цо доккха Ӏазап а кечдина цунна».** *«Ан-Нисаъ», 93.*

**– «Цундела яздира Оха Исраилан берашна: дегӀана дуьхьал а доцуш, я лаьтта тӀехь бечу бохаман дуьхьал а доцуш дегӀ дийнарг – берриге нах байинарг санна ву, иза дийна дитинарг – берриге нах дийна битинарг санна ву».** *«Аль-Маидат», 32.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла:

**«Муъмин стаг шен динехь паргӀат хиларх** (Делан къинхетаме догдохучуьра) **хедар вац, цо** (АллахӀа) **хьарам дина цӀий Ӏаннолц».** *Бухари.*

**«Дуьне дохар дай ма ду АллахӀна гергахь, бусалба стаг верал».** *Бухари.*

**«Бусалба нахаца барт бина, церан махкахь веха кхечу динехь волу стаг вийначунна, шовзткъа шарахь некъ бича а йогӀуш йолу ялсаманин хьожа кхетар яц».** *Бухари.*

**«Вайх вац вайна дуьхьал герз даьккхинарг, вайх вац вайна аьшпаш боьттинарг а».** *Муслим.*

**«Муъмин стагана неӀалт алар, и вер санна ду, иштта муъмин стагана кафир ву аьлла цӀе кхоллар а ду и вер санна».** *Бухари.*

Іумаран кІантана ІабдуллахІна (Дела реза хуьлийла цаьршинна) уггар вуон халкъ хетара и хаварижаш. Цо аьллера: **«Копарийн хьокъехь диссийна аяташ муьмин нахана тІекхоххкара цара».**

Іамран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) иштта аьлла хаварижех лаьцна: **«Делан, маликийн, массо нехан неІалт ду царна тІехь».**

**Хьехамаш, тІенисварш**

Веза-Сийлахьчу АллахІа боху:

**– «Нахана юкъадаьккхина уггар дика уммат ду шу – нах дикане кхойкхуш, вуочух юхатухуш, АллахІах тешаш долуш».** *«Алу Іимран», 110.*

**– «Баккъалла, хьо цхьана а хІуманна бехке вац, цара шайн дин декъна, уьш тобанашка берзарна».** *«Аль-АнІам», 159.*

**– «ХІай ийман диллинарш, АллахІна муьтІахь хила шу, Элчанна а муьтІахь хила шу, шух болчу омранан** (Іилманан, урхаллин) **дайшна а».** *«Ан-Нисаъ», 59.*

**– «Бакъалла, хІара сан нийса некъ бу, цунна тІаьхьадаза, шу тІаьхьа ма даза кхечу некъашна – цара дІакъастор ду шу Цуьнан некъах. И ду шуна Цо** (Дала) **шеца весет динарг, шу** (Делах) **кхоьруш хилийта».** *«Аль-АнІам», 153.*

**– «Делан билгалонаш шайга кхаьчначул тІаьхьа, бекъабелла, къийсамашка бевллачарех тера ма хуьлийла шу. Царна кечдина ду доккха Іазап».** *«Алу Іимран», 105.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла:

**«Аса весет до шуьга, ладогІа, муьтІахь хила, аьлла. Сол тІаьхьа вехар волчунна дуккха къестамаш гур бу. Ткъа шун декхар ду, сан суннатна а, нийсонна тІехь а болуш, нисбелла дІабоьлхуш болчу сан халифийн а суннатна тІехь хилар. Варийлаш, керла юкъадохучу хІуманех ларлолаш, баккъалла а, хІора бидІат** (шарІо къобал ца деш, шарІехь бух боцург) **– тилар ду».** *Тирмизи.*

**«Баккъалла а, шун цІий, шун даьхни а, шун сий а хьарам ду шуна, хІара шун** (гІурбана урс хьокху) **де шуна хьарам хиларе терра, хІокху шун**

(зуль-хьижжат) **баттахь, хIокху шун** (Сийлахь Макка) **шахьарахь».** *Бухари, Муслим.*

**«Сол тIаьхьа керсталле ма дерзалаш, шух цхьаболчара вукхеран вортош кеггош».** *Бухари, Муслим.*

**«Бусалба стагана лер – Iесалла ю, цунна дуьхьал тIом бар – куфралла дар ду».** *Бухари, Муслим.*

## Дешхьалхе

Дукхах болчу бусалба нехан – юккъерчу барамехь болчу умматан бусалба нехан – дог Iийжа, Исламан цIарах бусалба а, бусалба боцчу мехкашкахь, къаьсттина, ОвхIан-махкахь, Алжирехь, Мисарахь цхьаболчу наха ден зуламаш бахьанехь. Амма Ислам-дин бехке дац цунна. Вай дерриге гIалатдовлу, нагахь санна и питана деш берш кхоччуш бусалба нах бу алахь. И лелош берш, динах бевдда (галбевлла) болу хаварижаш бен бац. Церан и сибат вайга дийцинарг, царах вайга ларло баьхнарг, вайн пайхамар Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву. Цуьнгара дуккха хьадисаш кхаьчна вайга, хаварижийн сибаташ, амалш, схьабовларан баххаш дуьйцуш. Цул сов, уьш массо заманахь гучубуьйлург хиларх, тIаьххьарнаш – дажалан эскарца хирг хиларх шена хезначун ойлаян хьекъал долуш велахь, Iехалур воцуш, галвер воцуш долу хьадисаш ду уьш.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омра дина Абу ТIолибан кIанте Iелега (Дела реза хуьлийла цунна), цаьрца тIом бе, уьш байа, аьлла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) царна дуьхьал тIом бан сутара бохуш хилла бусалба нах. Цо ялсамани кхайкхийна уьш байинчунна, цара вийначунна а – цара деанарг дукха ирча-доккха питана хиларна.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан халифаша яьккхинарг бен кхин хIун цIе йоккхур яра вай церан? Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), и галъяьлла, бусалба нахана дуьхьалъяьлла тоба йовзуьйтур йолу хIара ши сибат дийцина вайна:

Хьалхарниг. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Вайх вац вайна дуьхьал герз даьккхинарг».** *Бухари, Муслим.*

ШолгIаниг. Цо аьлла: «**Муъмин стагана неIалт алар – и вер санна ду, иштта муъмин стагана кафир ву аьлла цIе кхоллар а ду и вер санна».** *Бухари.*

Муьлххачу хенахь и ши хIума шеца гучудаьлларг – бусалбанна дуьхьал герз айдар, иза копар ву алар – хаварижех ву ала мегар ду. Ала деза, царах дукхах болчара, церан кхайкхамхоша бусалба нахана дуьхьал герз ца айдо, шайн и дан аьтто бацахь. Цара тоам бо, наха шайн харц тешамаш, кхетамаш тIелацарх (бусалба нахана тIелата шайн аьтто баллалц). Шаьш тIелата ца ларийча, бусалба нехан мостагIашна гIо до цара, шайна и дан некъ карийча. Цунна масална тоьур ду хьуна, Зуль-Хувайсират Тамимис, эхь ца хеташ, халкъийн эла волу Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), нийсо ца йина, зулам дина, аьлла, бехкевар, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дуьхьал цо герз ца айдинехь а.

Карарчу заманахь ваьхначу Iеламстага Мухьаммад ГIазалис шен тIаьххьарчу цхьана жайнахь дуьйцу Мисарахь дозанал тIехъюьйлу тобанаш вовшахтоьхначу стагах лаьцна; оцу стага Делах дуй биира, Абу Хьанифа копар ву аьлла. Мухьаммад ГIазалис цунна дуьхьало йира, харц дуйнаш бууш берш хIинца а болуш бу-кх, аьлла. Цул тIаьхьа цхьа хан яьлча, церан жамIат гуллучу меттигна тIехволуш, урамехь, «Абу Хьамид Аль-ГIазали копар ву» аьлла, доккха яздина йоза гира цунна. Оцу шина имамана цара и баьхна хилча, цецвала хIума дуй-те, церан жамIаташа тешарехь, фикъхIехь, гIиллакхашкахь а шайн кхетамаш луш кхиийначу кегийрхоша шаьш бохучунна тIе ца бирзинчарна, уьш Исламан мостагIий бу аьлла, царна дуьхьал герз айдар?!

1997 шеран ноябрь баттахь Мисаран Аль-Акъсар цIе йолчу шахьарахь туристаш байинчул тIаьхьа, церан жамIатерчу стагаца хилла къамел зорбане делира. Оцу нахана герз тоьхначех вацара иза, амма и доккха зулам динарш бакъбан массо некъ лехира цо. Цул сов, и тайпа зуламаш кечдеш, кхочушдойтуш, бусалбанийн, кхечу динехь болчеран, цхьана хIуманна бехке боцучеран, цIий хьаналдеш болчу оцу хаварижийн тобанан куьйгалхой цIена нах лорура цо. Церан шайна хетарг ала йиш ца хиларна, уьш бехказа бу цара и нах байарна, аьлла, тешна вара иза. Арахьарчу ницкъана уьш кIелсовцур бац, аьлла, тIетуьйхира цо. Цо бохург иштта делахь – герз айдина вац иза – оцу стагана а, герз тоьхначу нахана а юкъахь башхалла юй-те? Вайн Делора яц.

# I. Хаварижех болу юкъара кхетам

## 1. <u>Хаварижех кхетам балар</u>

*Хава́риж* дешан орам *хаража* бу. *Хаража* бохург – араваьлла, схьакъаьстина, дозанал дехьаваьлла, дуьхьалваьлла бохург ду. Хавариж дош дукхаллин терахьехь ду, ткъа цхьаллин терахьехь иза *ха́рижи́* ду. Харижи бохург – шех тамаш беш, ша лакхара хетарца хьалхе лоьхуш, юкъара схьакъаьстинарг ву. Хаварижаш, дуккхах болчу нахана шаьш дуьхьалбовлар бахьанехь, шайна лаамашка бирзина, херабевлла (къастабелла) нах аьлла, цIе яхана тоба ю.

ШахIрустанис (Дала къинхетам бойла цунах) иштта аьлла хаварижех лаьцна: «Халкъо къобал вина, хьакъ волчу имамана дуьхьалваьлларг *ха́рижи́* (хаварижех) ву. Башхалла яц и стаг (нах) асхьабийн заманахь, я царал тIаьхьа баьхкинчу табиIийн заманахь, я муьлххачу кхечу заманахь (имамана, куьйгалхочунна) дуьхьалваьлла хилар. Кхузахь вай юьйцуш ерг, воьалгIачу муъмин нехан паччахьна Iали бин Абу ТIолибна (Дела реза хуьлийла цунна) дуьххьара дуьхьалъяьлла билггал йолу тоба ю. Сийлахьчу Къуръано билгалдина вайна церан сибаташ, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цIенчу Суннато Iораяьккхина и тоба, цара уммат тиладарехь лело некъаш а».

*Хаварижаш* бохучу дашна лакххахь беллачу кхетамо билгалдо вайна, хIора (стаг я тоба) герзаца шен умматна дуьхьалваьлларг – муьлхха заманахь хуьлийла и я муьлххачу кхайкхамца хуьлийла – иза оцу нийсачу некъара бевллачу хаварижех хилар. Уьш иштта нах хилар билгалдаьллачул тIаьхьа, вайн декхар ду церан зулам довзийта (цара шаьш лелочуьнца кхеташ боцу мисканаш Iехор бахьанехь).

Царел (хаварижел) хьалха дIабаханчу наха кхайкхамаш, дIахьедарш дора, воьалгIа муъмин нехан паччахь Iали бин Абу ТIолиб копар ву бохуш. Иштта чIагIонаш йора цара, зударийн эла Iаишат, МуIавият, Iамр бин Iас, Зубайр бин Iаввам, IабдуллахI бин Зубайр, ТIолхьат бин IубайдуллохI (Дела реза хуьлийла царна) копарш бу, уьш шаьш дечу хьукманехь галбевлла, бохуш. Цул сов, и асхьабаш копарш бац аьлла шайна дуьхьалбевлла асхьабаш а копарш лорура цара. Оцунах бехказло йина, оцу асхьабашна дуьхьал герз айдарца тIемаш бира цара.

Оцу кеппара, шайл хьалха дӀабаханчу зуламхойн кхетам карлабоккхуш, меттахбоккхуш карабо уьш массо заманахь. Шаьш карладаккха хьийзо и питана, вуон хилла, телхина, дахкаделла карийра царна. Цуьнан боьха хьожа дӀаса ца яржийта, цунна тӀе, и хаздеш, цӀандеш, марздеш, цунах и хьожа ца яийтархьама, и цуьнан бакъйолу Ӏалашо ца йовзийтархьама, «Карладаккхаран, цӀандаран кхайкхам» цӀе йолу ӀатӀар тухура цара.

Тахана хаварижаша вайн уммат керста до. Бусалба паччахьаш, Ӏеламнах, къеданаш копарш бу бохуш, дерриге умматна герзаца дуьхьалбевлла уьш.

## 2. <u>Церан схьабовларан бух, дӀасабаржар а</u>

Хаварижийн схьабовлар Зуль-Хувайсират ат-Тамими бохуш волчу жехӀил волчу акха Ӏарбин тӀера доладелла. Кхетам, кӀорггера хьекъал доцуш, ойлаяр генара доцуш, ша аьлларг бен бакъ ца хеташ, хьукма дарехь сихлуш, ша аьллачунна реза воцург (иза адамийн Эла, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) велахь а!) тилавелла, галваьлла хеташ стаг хилла Зуль-Хувайсират. И дерриг цуьнан кхачамбацарш Ӏорадевлира Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу мажлисе и нисвелча.

Церан хьалхарчу стагах – Зуль-Хувайсиратах, цуьнан накъостех, царел тӀаьхьа, цунах тера а болуш, бусалба наха шайца тӀом биначарех лаьцна дуккха хьадисаш кхаьчна вайга. Царах ду:

**Церан схьабовлархь, уьш кхиарх** (баржарх) **лаьцна хьадисаш**

1) Абу СаӀи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Тхуна юкъахь хӀонс йоькъуш Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волуш, иза волчу бани тамим тайпанан Зуль-Хувайсират цӀе йолу цхьа стаг веара». Кхечу риваятехь деана: «чуэгна бӀаьргаш болуш, ерстина беснеш йолуш, схьадеана хьаж долуш, юькъа маж йолуш, баьшна корта болуш, хьалакерчийна хечийн когаш болуш. Цо элира: «ХӀай Делан Элча, нийсо еш хила, баккъалла а, хьо нийсо еш вац». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дакъазло ю хьуна, аса нийсо ца йича, хьан йийр ю нийсо?! Нийсо ца йинехь, Ӏехавелла, иэшаме хир ма ву со».** Ӏумар бин ХаттӀаба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХӀай Делан Элча, пурба лохьа суна оцу стеган корта баккха!»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ӏадвита иза. Баккъалла, цуьнан накъостий хир бу, цара дечу ламазашка хьаьжча – шуна шайн ламаз кӀезиг хетар**

**долуш, цара кхобучу марханашка хьажча – шуна шайн марханаш кхоччуш хетар доцуш. Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац. Динах бовдур бу уьш, экхана чекхъоьккхуш болу пха санна».** *Бухари, Муслим.*

2) Абу СаIида аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) ша Йеменехь волуш Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) деши дахьийтинера. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) иза веанна дийкъира. Царна юкъахь бара: АкъроI бин Хьабис аль-Хьанзоли, Iуйайна бин Бадриль Фазари, бану килабех волу Iалкъамат бин Iуласатиль аль-Iамири, бану набхIанах волу Зайд аль-Хайри Ат-ТIои. Оцу балхана оьгIазбаханчу къурайшийн тайпанан наха, ансараша а элира: «Наждера къонахошна деши декъна, вай ца луш ма дити цо?» – аьлла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира цаьрга: **«Аса иза дира, царна Ислам дезийтархьама, церан тайпанаш иймане дахкийтархьама а».**

Цул тIаьхьа Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дуьхьал а хIоьттина, юькъа маж, ерстина беснеш йолуш, чуэгна бIаьргаш болуш, схьадеана хьаж долуш, баьшна корта болуш волчу стага элира: «АллахIах кхера, хIай Мухьаммад!» Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«АллахIна муьтIахь мила хира вара, со Цунна Iеса хилча?! Дала лаьттан охIланна тIехь суна тешам белла хилча, шу ца теша сох?!»** И дешнаш аьлла, и стаг дIаволавелча, гонахарчарна юкъарчу цхьана стага – хетарехь, Ха́лид бин Вали́д вара иза – и стаг вейта шега, аьлла, пурба дийхира Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла, церан тIаьхьенах хир бу цхьа нах, Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац. Динах бовдур бу уьш, экхана чекхъоьккхуш болу пха санна. Бусалба нах бойур бу цара, мушрикаш хьебийр бац. Баккъалла а, со царна тIекхачахь, уьш бойур ма бу ас, Iадан къомах хилла болу Делан мостагIий санна».** *Муслим.*

3) Абу Барзата Аль-Асламис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаварижаш хьахош хезний хьуна аьлла, шега динчу хаттарна жоп луш: «Суна сайн лергашца хезна, бIаьргашца ган а гина: Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIе даьхни деара, цо иза аьтту агIор, аьрру агIор болчарна дIадийкъира, ткъа шена тIехьа лаьтташ болчарна хIумма ца елира. ТIаккха

цунна тIехьа лаьттачу, Iаьржа аматахь волуш, баьшна корта болуш, кIайн духарш доьхна а волчу стага элира цуьнга: «ХIай Мухьаммад, и даьхни декъарехь нийсо ца йира ахьа». ЧIогIа оьгIазваханчу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ВаллохIи, со дIаваьллачул тIаьхьа, сол нийсо еш стаг карор ма вац шуна».** Цул тIаьхьа тIетуьйхира цо: **«ТIаьхьарчу заманахь цхьа нах бевр бу, хIара стаг царах волчух тера ду, Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац. Динах бовдур бу уьш, экхана чекхъоьккхуш болу пха санна. Церан билгалонех цхьаъ – уьш кортош баьшна хилар ю. Массо заманахь ца гIовттуш Iийр бац уьш. Царах тIаьххьарнаш - Масихьуль дажалан эскарехь хир бу. Шайна дуьхьал нислахь, байалаш уьш,** (шуна хаалаш) **уьш Дала кхоьллинчу халкъех уггар вуон халкъ ду».** *Насаи.*

4. Абу Бакрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), сужданехь волчу стагана юххехула ваьлла, ламазе хIоьттира, аьлла. Ша ламаз дина ваьлча, оцу стагана тIе юхавеара иза, ткъа и стаг сужданера хьаланисвелла вацара. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьала а гIеттина, элира: **«Хьан вуьйр вара хIара стаг?» Цхьана стага, баттара тур даьккхина, и леста а деш, элира: «ХIай Делан Пайхамар, сан да, нана махийна хуьлийла хьуна, аса муха вуьйр ву сужданехь волу, АллахI воцург Дела вац, Мухьаммад – АллахIан лай, Элча а ву аьлла, шахIадат далош волу стаг?»** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) юха а элира: **«Хьан вуьйр вара иза?» Ша вуьйр ву иза аьлла, ши пхьош хьалдина, тур лестош тIеволавеллачу шолгIачу стеган куьг дегийра. Цо а элира: «ХIай Делан Пайхамар, аса муха вуьйр ву сужданехь волу, АллахI воцург Дела вац, Мухьаммад – АллахIан лай, Элча а ву аьлла, шахIадат далош волу стаг?!»** ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Мухьаммадан са карахь долчух** (АллахIах) **дуй буу аса, аша и вийнехьара, дуьххьарлера, тIаьххьара а питана хир ма дара иза».** *Ахьмад, ТIабарани.*

Лакхахь далийначу хьадисаша вайна билгалдаьккхина:

– хаварижийн тхьамда, церан имам - жехIил волу акха Iарби Зуль-Хувайсират Ат-Тамими хилар;

– цуьнан тӀаьхьенах (цунах тера болуш) нах кхуьург хилар, оцу нахаца царах тера берш иэлург хилар а;

– хаварижийн тешар (Ӏакъидат, церан кхайкхам) тӀаьххьара зама еана, дажал гучуваллалц лаьттар долуш хилар.

### 3. <u>**Хаварижашна хетачух, уьш тешачух**</u> <u>(Ӏакъидатех)</u> <u>**хӀоттийна гулар**</u>

– Хаварижийн барт хилира Абу Бакар, Ӏумар, Ӏусман, Ӏела (Дела реза хуьлийла царна), «Эмкалан тӀамехь» шайна дуьхьал тӀом бинарш а копарш лararна тӀехь. Иштта копарш лерира цара Ӏела (Дела реза хуьлийла цунна) халиф волчу заманахь бусалба нахана юкъадоьжна питана Къуръанца хьукма деш дӀадаккха резахилларш, Абу Бакар, Ӏумар (Дела реза хуьлийла цаьршинна) я цаьршиннах цхьаъ къобалвинарш;

– барт хилира церан, нийсо ца ечу паччахьна дуьхьал тӀамца гӀовттарна тӀехь;

– иштта барт хилира церан, даккхий къинош летийнарг копар ву аларна тӀехь, иза даима цӀергахь вогург хиларна тӀехь а (нагахь иза, тоба ца деш, веллехь).

Хаварижаш уггар кхерамечех тоба ю. Цара дечу дӀахьедарша, лелочу хӀуманаша наха тилабо, Ӏехабо. ХӀунда аьлча, церан гуш йолу агӀо – цара Ислам лерина лелорца ю, – дин лелорехь чӀагӀбелла, Ӏамал цара дукха яр бахьанехь. Цундела Ӏеламнехан, хьехамчийн коьрта декхар ду, церан тоба зуламе, кхераме хиларна тӀе тидам бахийтар. Цара Ӏибадат мел дукха дарх, оцу Ӏибадатан лар (стом) церан дегнашка кхочуш яц, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вайна ма-дийццара.

Шайн тешарехь (хетарехь), хаварижаша шаьш дӀабуьйлалучу хенахь юьхьарлаьцна некъ, масала, бусалба нехан халиф Ӏусман, имам Ӏела, Абу Бакар, Ӏумар (Дела реза хуьлийла царна) копарш бу алар, коьртехь волчу паччахьна дуьхьал гӀовттар, даккхий къинош летийна бусалба нах копарш бу алар, уьш сийсазбеш, церан цӀий, даьхни, сий (дайарца) хьаналдар дӀахьош белахь а, тарихан дукха ехачу заманера дуьйна схьабогӀуш бу уьш, шайн некъ тайп-тайпанарчу «духаршца» хьулбан гӀерташ. Цундела, Ӏеламнахана тӀехь ду церан тешаран, кхайкхаман массо агӀо таллар, Ӏораяккхар, бусалба нах царна дуьхьалбовларехь сутара бахархьама (кечбархьма). ХӀунда аьлча, таханлерчу, селханлерчу хаварижашна юккъехь башхалла ца карайо тхуна.

Яханчу заманара хаварижаша хьалаайбира хIара кхайкхам: «Хьукма АллахIан бен дац». Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) ма-аллара, бакъ дешнаш ду уьш, амма уьш аьллачарна луург харцо бен яц. Ткъа тахана хаварижаша хьалхатоьттурш, хьулбина, оцу кхайкхамах тера (я изза) болу кхайкхамаш бу. ДIабахана хаварижаш нахана дин хала деш, чIагIдеш бара. Цара копарш лорура бусалба нах, церан коьртехь берш а. Уьш тилабелла бу, бохуш, церан цIий, даьхни а хьаналдора цара. Иштта бу хIокху заманара хаварижаш а.

Хьалхалера хаварижаш шаьш баларх шек ца бовлура, тIемаш бан сихлора уьш, делча шаьш ялсаманехь хир ду бохуш. Иштта таханлера хаварижаш бу, баларх ца кхерарца, шек боцуш (эвхьаза) бусалба нехан цIий хьаналдарца, шаьш баларх шек ца бовлуш билгалбевлла. Шаьш гучубовлучу хьалхарчу заманахь хаварижаш чIагIбелла бара Iибадатна, дин лерина лелорна а тIехь. Некъахь карийна хурма ца юура, хьакха ер – льтта тIехь бохам бар лорура, ткъа веза сахьаби IабдуллахI бин Хаббаб, цуьнан хIусамнана, кхиболу асхьабаш а (Дела реза хуьлийла царна) байар – Везчу АллахIна герга вуьгу Iибадат лорура цара.

Бусалба нехан мехкаш хаварижаша массо заманахь тIеман аренаш лору (даруль хьарб), Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сийлалла лахъян гIиртина уьш хьалха, хIинца а. Цуьнан цIийнан охIланан, асхьабийн, Iеламнехан сий-ларам ца бора цара. Цул сов, оцу Iеламнахана, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цIийнан охIланна а ирча цIерш тоххура цара. Иштта тешна бара уьш, бусалба нехан маьждигаш чохь ламазаш дан мегаш дац аьлла а.

## 4. <u>Хаварижийн цIерш</u>

Церан масийтта цIе ю:

1 - Аль-Хава́риж

Цуьнан маьIна – бусалба нахана дуьхьал гIевттинарш бохург ду. Царна и цIе тиллинарг Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву. Цо аьлла: **«Хаварижаш цIеран жIаьлеш ду».** *Ибн МажахI.* Уггар хьалха уьш дуьхьалбевлира муъмин нехан паччахь волчу Iали бин Абу ТIолибна (Дела реза хуьлийла цунна). Кхузара дIадоладелира церан питана, оцу цIарца гIарабевлира уьш Iелин (Дела реза хуьлийла цунна) заманахь.

2 - Аль-Хьару́рияхI

ХIара цIе тилларан бахьана – церан гIарабовлар Куфа гIалина (Ирак) юххерчу аль-ХьарурахI бохучу юьртара доладалар ду.

3 - Аль-Ма́рикъахI (динах хеддарш, бевддарш)

ХIара цIе тиллар Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIокху хьадисера деана ду: «…**Динах бовдур бу уьш, экхана чекхоьккхуш болу пха санна».** *Бухари, Муслим.*

4 - Аль-МухьаккамахI (хьукманчаш)

ХIара цIе тилларан бахьана – цара Абу Бакар Сыддикъ, Iумар (Дела реза хуьлийла цаьршинна) къобал ца вар, «АллахIан бен дац хьукма» алар ду.

5 - Аш-Шуру́рохI (хIума юххкуш берш)

Цара олуш хилла, шаьш Далла тIех муьтIахь хиларца Цунна шайн синош доьхкина, Цуьнгара ялсамани эцна.

ХIокху цIершна реза бу хаварижаш, аль-МарикъахI цIе йоцчунна. Царна ца лаьа шайх, динах хаьддарш ду, ала. Ала догIу, хIора заманахь, цуьнан хьоле хьаьжжина, керла цIерш хуьлу церан, амма кхайкхамаш, сибаташ хийцалур дац церан, къематде даллац.

## 5. <u>Хаварижийн тобанаш</u>

Церан тобанаш дукха ю. Уьш хиларан бахьана – церан вовшашлахь барт ца хилар ду. Цхьана хаттарехь шина стеган жоп хийцаделчхьана, кхачаме хуьлура царна ши тоба кхолла. Оцу шиннах хIоранна тIаьхьа тоба хIуттура. Церан коьрта яккхийчу тобанех ю: Аль-МухьаккамахI, Аль-Аза́рикъахI, Ан-НаждахI, Аль-БайхIасийахI, Аль-Iажа́ридахI, Ас-СаIа́либахI, Аль-Иба́дыйахI, Ас-СуфрияхI…

Оцу хIора тобанах лаьцна жайнаша дуьйцург доцца хьахор ду вай.

<u>Хьалхара тоба</u>: Аль-МухьаккамахI

ХIара цIе тилларан бахьана, цара, «АллахIан бен дац хьукма» бахар, даима карладахар ду. Уьш дуьхьалбевлира муъмин нехан паччахь волчу Iали бин Абу ТIолибна (Дела реза хуьлийла цунна).

Оцу тобанан коьрта сибаташ:

– Абу Бакар, Iумар, Iусман, Iела (Дела реза хуьлийла царна), «Эмкалан тIамехь» шайна дуьхьал тIом бинарш а копарш ларар. Иштта копарш лору цара Iела (Дела реза хуьлийла цунна) халиф волчу заманахь бусалба нахана юкъадоьжна питана Къуръанца хьукма деш дIадаккха резахилларш, Абу Бакар, Iумар (Дела реза хуьлийла цаьршинна) я цаьршиннах цхьаъ къобалвинарш. Iусман, Iела (Дела реза хуьлийла цаьршинна) копар ца лоручуьнца дина захало нийса лоруш ца хилла цара;

– имам шен хьукманехь галваьллехь (я шайна иза галваьлла аьлла хетнехь), цунна дуьхьал гIевттина иза вохор я вер важиб лорура цара. Цул сов, бусалба нах имам воцуш Iар магадора цара;

– бераш, зударий байа магадора цара;

– даккхий къинош летийнарг копар ву, олу цара. Иштта, шайна тIаьхьабозуш боцу берриге бусалба нах копарш лорура цара.

<u>ШолгIа тоба</u>: Аль-АзарикъахI

Уьш бу НафиI бин Аль-Азрокъна тIаьхьахIиттинарш. Оцу тобанан дIахьедарш:

– шаьш бохучунна тIе ца тайнарш мушрикаш (Делаца накъост лаьцнарш) бу аьлла, хьукма дора цара;

– шайна юкъа ван реза ца хилар ширк лору цара, и царна юкъа ца вогIург церан некъахь велахь а;

– шайна юкъавогIург толлуш, зуьйш болх бора цара. Шайна юкъа вуьтучохь, шеца (лаьцна) шайна дуьхьал волу йийсар и вен Iалашонца валор бехкам бара церан. Цо и вехь, шайна юкъа вуьтура цара иза; ца вехь, и мунепакъ ву олий, вуьйра;

– мушрикаш бу бохуш, шайна дуьхьал болчеран зударийн, берийн цIий Iанор магадора;

– шеконехь ца дуьтура шайна дуьхьал болчеран бераш даима а цIергахь догур хилар;

– шайна дуьхьал болчеран мохк (пачхьалкх) кафир (керстанан) мохк лорура цара;

– пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) шайга вахьйу доссале копарш хилла хиларна дуьхьал бацара уьш. Иштта, пайхамарша (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) шайга вахьйу доьссинчул тІаьхьа куфралла дина меттигаш ю, олу цара;

– дакккхий къинош летийна бусалба стаг миллатах (бусалба динах) ваьлла копар ву аьлла, чІагІдора цара.

Цунна тІедоьгІна цара бохура: «Даккхий къинош летийнарг бусалба динах ваьлла зиммат охІланна юкъавогІуш ву (зиммат охІла – Исламан хьукманаш тІе а лаьцна, бусалба махкахь бехаш болу кхечу динехь болу нах бу). Оха церан (зимматан охІла) цІий Іано ца магоран бахьана, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цаьрца лелийна некъ ларбар ду».

– Къуръанан хІара аяташ: **«Нахана юккъехь цхьаверг ву, цуьнан дуьненан дахарехь шен къамело хьоьга тамаш бойтуш верг. АллахІ теш лоцу цо шен даг чохь долчунна. Иза уггар къар ца луш волу къовсархо ву. Ша хьуна букъ тоьхча, дуьненна тІехь харцо** (боьхалла) **яржо, ялташ, тІаьхьенаш хІаллакьян сихло иза. АллахІ бохамаш бар дезаш вац».** *(«Аль-Бакъарат», 204-205)* Іелин (Дела реза хуьлийла цунна) хьокъехь диссийна бохуш, чІагІонаш йира цара.

– ткъа хІара аят: **«Нахана юккъехь цхьаверг ву, АллахІ реза вархьама, шен са дІалуш».** *(«Аль-Бакъарат», 207)* – имам Іела (Дела реза хуьлийла цунна) вийначу хаварижех волу Іабдуррохьман бин Мульджиман хьокъехь доьссина ду а бохура цара.

<u>КхоалгІа тоба:</u> Ан-НаждахІ

Уьш бу НаждахІ бин Іамирна тІаьхьахІиттинарш. Оцу тобанан дІахьедарш:

– шайна юкъа хІижрат дан реза ца хилларш копарш лоруш, копарш бу, олура цара;

– НафиІ бин Аль-Азрокъ имам ву аьлла къобал винарг, копар лору цара;

– шайна тІетайна болу даккхий кхинош летийнарш шайн накъостий, доттагІий лоцура цара;

– шайна тІаьхьахІоьттинчех цхьа а жоьжахате гІур вац, олура цара; къиношна Іазап дахь а, цІарца дийр дац и Іазап, олура;

– НаждахІ бин Іамира шен тобанехь болчарна къаьркъа маларна догІу таІзар дІадаьккхинера, ткъа и маларна таІзар дан деза аьлла шена дуьхьало йинчуьнца девне волура;

– кегий къинош дукха летор ширк ду, олура цара;

– нахана имам (паччахь) оьшуш ванне а вац, олура;

– шайн тобанех боцчу бусалба нахаца бехаш болу кхечу динера (зиммат охІла) нехан цІий Іано магадора, ткъа иштта хьанал дора цара шайн тобанех боцчу бусалба наха кхобуш болчу (доьзалал арахьара) нехан цІий а.

<u>ЙоьалгІа тоба:</u> Аль-БайхІасийахІ

Уьш бу Абу БайхІас Аль-ХІайсам бин Джабирна тІаьхьахІиттинарш. Цара боху, бусалба стагана мегар дац цхьана кхечу бусалба стага динчу хьукманна тІетовжа, цо бохучунна реза хила а. Бакъдерг довза а девзина, цуьнца хьукма динарг вовза везаш ву, харцо а евзина волуш, цуьнца хьукма динарг а ву вовза везаш, боху цара. Башхалла яц, тешаран (Іакъидатан) я фикъхІан ахькамийн хаттарш уьш хиларх.

<u>ПхоьалгІа тоба:</u> Аль-ІажаридахІ

Фарисера Іабдулкарим бин Іажрадна тІаьхьахІиттинчийн тоба ю хІара. ХІара тоба ю бархІ декъе екъаелла. Уьш тІаьхьабозуш болчух коьртаниг хІара ду:

– 15-ра даьллачул тІаьхьа бер бусалба я керста ду аьлла билгалдаккхар важиб ду, алар. И хан кхаьчна яцахь, цунна керста я бусалба ду, аьлла, хьукма ца дар. Царах цхьаболчара керста нехан 15-ра довланза долу бераш ялсаманехь хир ду, олу, ткъа кхечара, уьш цІергахь догур ду, олу;

– тІаме ца боьлхуш цІахь Іийнарш тхан мазхІабехь бу, нагахь санна уьш Делах кхерарца бевзинехь;

– шаьш долчу кхелхина вар важиб дац (чІагІдина тІедиллина дац), и дар гІоли (мустахьаб) лерина ду, олура цара;

– шайна дуьхьал болчу нехан даьхни хьанал ца дора цара, и шайна дуьхьал верг шаьш вийча бен;

– царах йолчу «Аль-МаймунахI» тобано «Юсуф» сурат къобал ца дора, иштта кIентан берийн йоIарий, йоьIан берийн йоIарий, вежарийн берийн йоIарий, йижарийн берийн йоIарий бало хьанал бора цара.

Йолхалгlа тоба: Ас-СаIалибахI

Уьш бу СаIлабахI бин Муштаканна тIаьхьахIиттинарш. Iабдулкарим бин Iажрадан тобанах схьакъаьстина тоба ю хIара. СаIлабахI веллачул тIаьхьа ялх декъе бекъабелира хIорш а.

ХIокху тобанан башхаллаш:

– берашца гергарло лелор, уьш Ислам-динах тилла хилар шайна гучудаллалц;

– лешкара закат доккхура цара, церан бахам гулбелча; уьш къебелча, царна закат лора цара;

– шайна дуьхьал болчу бусалба нехан хьокъехь шеконехь бара уьш, билгалбаьлла сацам ца хуьлура церан. Шайна билгалдаллалц, уьш копарш бу я бусалба бу а ца олура цара;

– шайна дуьхьал верг веле, иза кхетош, цунна даIват дар важиб лорура цара;

– ламаз дитинарг (цо и дитарна) копар ца лорура цара, и копар лараран бахьана цунна Дела ца вовзар лорура цара;

– Сийлахь АллахI, Цо кхоьллинчу халкъех тарвора цара.

ВорхIалгIа тоба: Аль-ИбадыйахI

Уьш бу IабдуллахI бин Ибад Ат-Тамимина тIаьхьахIиттинарш. Иза веллачул тIаьхьа хIорш а ворхI тобане бекъабелира.

ХIокху тобанан башхаллаш:

– шайн тобанех боцчу бусалба нехан мохк, Дела цхьаъвечеран мохк лору цара, еккъа паччахь веха, цуьнан долахь йолу меттиг йоцург. Шайна гергахь, и меттиг низамна дуьхьалбаьлла мохк лорура цара.

– зина дина, хIума лачкъийна я латийначу къинна таIзар дина, цул тIаьхьа цуьнга тоба дойту; тоба дахь, къинойх цIанло и, ца дахь, вен кхочу и стаг, олу цара;

– шайна дуьхьал болчу бусалба нехан цIий хьаналдора цара, церан зударий, бераш йийсар бора, уьш динах юхакхетта (муртаддаш) бу бохуш. Абу Бакра (Дела реза хуьлийла цунна) а муртаддашца изза некъ лелийна бохуш, бехказлонаш лоьхура цара.

Мунепакъийн хьокъехь кхаа декъе бекъабелира уьш:

1. Мунепакъалла ширкана, Ийманна юкъа йогIуш яц;

2. Дала Къуръанехь цIе яьккхинчарна бен йогIуш яц мунепакъ боху цIе;

3. Мунепакъаш Дела цхьаъвеш бу, амма даккхий къинош летийначарех бу уьш. Делаца накъост ца лоцу цара, шайх копарш бу алахь а.

<u>БорхIалгIа тоба:</u> Ас-СуфрийахI

СуфрийахI (можа бос) цIе тилларан бахьана, цара Iибадат деш шайна ницкъ барна церан яххьаш можа, макхъелла хилар ду. Церан хьалхара стаг Абу Билал Мирдас хилла. ДIахьедарш хIорш ду церан:

– шайгахьа берш тIаме ца бахча а, уьш копарш лоруш ца хилла цара;

– Аль-Азарикъаш санна, зударий, бераш копарш бу бохуш, бойуш ца хилла цара. Ткъа даккхий къинош летийначийн хьокъехь хIокху кхаа декъе бекъабелла уьш:

1. Копарш – мушрикаш бу;

2. Къа латийначунна паччахьо таIзар (бекхам) дахь, и къа латийнарг копар ву;

3. Даккхий къинош латийнарг копар я мушрик ву ала мегар дац, цо летийначу къинойх терра яккха еза цуьнан цIе. Масала, хIума лачкъийначух къу ву, ала деза, копар ву ала мегар дац. Амма латийна къа дуьненахь таIзар ца деш долу къа делахь (ламаз дитар, марха ца кхабар), и латийнарг копар ву олу цара.

Тахана оцу тобанийн дукха хиларехь вайна гуш ду, уьш тIех чIогIа собар доцуш, массо дозанах тIехбевлла нах хилар. Цуьнан бахьана – уьш вовшахтухур болу цхьа некъ церан ца хилар, тIетовжа Iилманан бух ца хилар а ду.

Шайн тешарехь, мел лелочу, дуьтучу а хIуманехь уьш тIетевжа шайна хетачунна, моьттучунна, шаьш-шайх бIобулу церан, баккхийбе уьш шаьш лелочух. Уьш го, Iеламнахах ца бешаш, царна цIерш тохкуш, церан фикъхIан жайнаш сийсаздеш, шайна фикъхIан баххийн Iилманех (усулуль фикъхIи) хууш хIумма доцушшехь. Иштта, таханлерчу цхьайолчу тобанийн кхетамаш, коьрта ойланаш, дIахьедарш хьалхалерчу хаварижийн массо маьIера схьаэцначу тешарех, кхетамех тера хилла карадо. Далла ма-баххара: **«Церан дегнаш вовшех тарделира».** *«Аль-Бакъарат», 118.*

ХIокху заманарчу тобанийн коьрта ойланаш, тешамаш, церан кхетамаш хIорш бу:

– шайн хьукма дарехь галваьлла аьлла хета имам я хьаькам вохор а, вер важиб а лору цара;

– шайна дуьхьал болу, шайна реза боцу массо бусалба нах копарш бу олу цара;

– шариIатан ахькамаш дайн ца хеташ, уьш къобалбеш волуш, цхьадолу къинош летийнарг, копар лору цара;

– шайн дуьхьал берш, уьш зударий, бераш белахь а, байа магадо цара;

– шайна тIаьхьахIиттина харц тешамашна тIаьхьабозурш, даккхий къинош летораш а накъостий, доттагIий лоцу цара.

## 6. Хаварижаш гучубийлар карладийлар

Хаварижаш хIора заманахь юх-юха гучубийлар Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) пайхамараллин билгалонех цхьа билгало ю. ХIунда аьлча, цо церан сибаташ, хьежамаш билгалбина, царна хьалхабевллачу нехан цIерш, сибаташ, куьцаш дийцина. Цул сов, и тобанаш бусалба нахана кхерамаш туьйсуш, зуламаш деш, умматах дIакъаьстина, бусалба нехан могIанаш хедош, церан мостагIийн гIоьнчий хилла, ийманехь берш бойуш, мушрикаш хье ца беш, дажал валлац йолчу заманахь лаьттар ю аьлла, дийцина цо. Делан неIалт хуьлийла дажална, оцу тобанашна а!

Iумаран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа халкъ гучудер ду, Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац. Церан** (шайтIанан) **маIа гучу**

**моссазза ели, кагйийр ю».** Іумаран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира, шена Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) иштта (тІетухуш) олуш хезира, аьлла: **«Церан маІа юх-юха гучуюьйлучуьра ца соцуш, ткъозза сов кагйийр ю. ТІаккха а совцур бац уьш, шайна юкъара дажал схьаваллалц».** *Ибн МажахІ.*

Іумаран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Сан умматах вуон Іамалш еш цхьа нах бевр бу, Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац. Шуна шаьш еш йолу Іамал, цара ечу Іамале хьаьжча, кІезиг хетар ю. Бусалба нах бойуш хир бу уьш. Уьш гучубовлахь, байалаш, варийлаш, уьш гучубовлахь, хІаллакьбелаш уьш, уьш гучубовлахь, байалаш уьш. Декъалалла** (ялсамани) **ю уьш байинчунна, ялсамани ю цара вийначунна. Церан маІа гучу мосазза йолу, АллахІа и кагйийр ю»**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и дешнаш ткъозза я кхин алсама олуш хезира шена». *Ахьмад.*

Іамран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Малхбалехьара цхьа нах бевр бу, Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац.** (Церан) **и маІа мосазза кагйо, кхин маІа гучуер ю, бисанчарна юккъехь дажал гучуваллац».** *Ахьмад.*

## II. Хаварижийн уггар бІаьрла долу сибаташ, билгалонаш а Къуръанехь, хьадисашкахь царах лаьцна деанарг

### Къуръанехь царах лаьцна деанарг

1) Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Ахьа ала: «Аса бийций шуна Іамалшца уггар иэшамехь берш? Дуьненахь шайн къахьегар** (эрна) **дайина хилларш бу, шаьш дика болх беш бу а моьттуш» Уьш бу, шаьш шайн Делан аяташна а, Цунна дуьхьал шаьш хІитта дезарна а керсталла динарш; эрна хилла церан Іамалш, Оха къематдийнахь церан** (дика) **Іамалш терзан тІехь язйийр яц».** *«Аль-КахІф», 103-105.*

Имам А́лу́син (Дала къинхетам бойла цунах) тафсирехь деана, ІабдуллахІ бин Аль-Кавваъа шега хаттар дича, Іелас (Дела реза хуьлийла

цунна) элира, аьлла: «Царах бу и Хьарураан охIла (хаварижаш). Цхьамма, шекваьлла, оцу аяташкахь хьахийнарш къематденна инкарло еш болу копарш ма бу, ткъа хаварижаша къематденна инкарло ца йо алахь, цунна жоп иштта лур ду: «Уьш царах бу алар беххкам бац, оцу керста нехан дерриге сибаташ цаьрца хиларна. Уьш тилабелла хиларо кхачам бо, уьш царах тарбан».

Имам Фахрур-Разис (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Мафатихьул-гIойби» жайнахь хьахийначу аятехь бийцинарш мозгIарш я жайнан охIла, я аль-Хьарурияташ хила мега, аьлла. Цул тIаьхьа тIетуьйхира цо: «Оцу аятехь вуьйцуш верг, ша еш ерг Далла муьтIахь хиларан Iамалш ю моьттуш, Iеса Iамалш йинарг ву. Цара ен Iамал Далла муьтIахь хилар елахь а, уьш копарш хилар бахьанехь церан Iамал къобалйийр яц. Цара и Iамалш шайна мела хиларе сатуьйсуш йо, шайн догIмаш кIаддо цара, шайна ял лоьхуш, къематдийнахь декъалхиларе сатуьйсуш. Цара сатуьйсург, луург царна хир дац, уьш тилабелла хиларна». («Тафсир», Аль-Фахрур-Рази).

Бухарис шен «Сахьихь» жайнахь, Къуръанан **«Ахьа ала: «Аса бийций шуна Iамалшца уггар эшнарш»** аятан тафсир дечу декъехь боху: «МусIаба дийцина: «Аса сайн дега хьаьттира, хIокху аятехь буьйцуш берш Аль-Хьарурияташ буй?» Цо элира: «Бац, уьш жуьгтий, керста а бу. Жуьгташа Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) харц вира, ткъа керстачара, ялсамани ю аьлла, къобал ца дира, ялсаманехь даар, малар дац, элира. Ткъа Аль-Хьарурияташ Деле чIагIо йина, цул тIаьхьа и чIагIо йохийнарш бу. СаIдас уьш галбевлла, харц (песакъ) нах бу, аьллера».

Иштта Ибн Джариран (Дала къинхетам бойла цунах) тафсирехь деана, IабдуллахI бин Аль-Кавваъа Iелега (Дела реза хуьлийла цунна) оцу аятан тафсирах хьаьттича, цо элира, аьлла: «Шу ду уьш, хIай Хьарураан охIла; Аль-Хьарураъ – Куфа шахьарна уллехь йолчу юьртан цIе ю, цуьнан цIарца евзаш ю хаварижийн тоба». Уггар хьалха, уьш оцу юьртахь гулбала буьйлира, динан кIорге бахара, цул тIаьхьа цунах (динах) бевдира». ХIокхуьнца догIуш ду, Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна), «Хьарурийтех-м вац хьо?» – аьлла, дина хаттар. Цуьнан маьIна, динах ваьллачех-м вац хьо, бохург ду. И маьIна хьахийна Аз-Замахшарис, Фахрур-Разис.

2) Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Оцу дийнахь цхьайолу яххьаш кIайлур ю, кхиерш Iаржлур ю. Ткъа яххьаш Iаржъеллачаьрга эр ду, ийман диллинчул тIаьхьа копарш хили шух? ХIинца Iовша шайна Iазап, шаьш динчу куфранна долу».** *«Алу Iимран», 106.*

КъуртIубин (Дала къинхетам бойла цунах) тафсирехь деана, Малик бин Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) хIара аят шайна хетарг (моьттург) дуьйцучеран хьокъехь доьссина, элира, аьлла.

Тирмизис далийна, Абу ГIалиба дийцина, аьлла: «Абу Умамата, шена Дамаск-шахьаран гIопа тIехь дIабоьгIна кортош гича, элира: «ЦIеран жIаьлеш ду уьш, стигал бухахь байинчарах царел вуон нах хилла бац, байинчарах цара вийначул дика стаг хилла вац». Цул тIаьхьа хIара аят дийшира: **«Оцу дийнахь цхьайолу яххьаш кIайлур ю, кхиерш Iаржлур ю…»** *«Алу Iимран», 106.*

Аса хьаттира Абу Умамате (Дела реза хуьлийла цунна), Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и олуш хезна вуй хьо, аьлла. Цо элира: **«Сайна Делан Элчанера** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **иза цкъа, я шозза…ворхIазза хезна дацахьара, аса шуьга дуьйцур дацара иза».** *Тирмизи.*

Цул тIаьхьа КъуртIубис (Дала къинхетам бойла цунах), хьавд (хи) а, шаьш лелийна, керла юкъадаьхна хIуманаш бахьанехь цунах генабохур (лохкур) берш хьахийра. ТIаккха элира цо: «Делан дина юкъа Дела реза воцу керла хIума деанарг я цхьа хIума хийцийнарг, – Дала и магийна а доцуш, – иза Дала хьавданан хих дIаэккхор ву, генавоккхуш, юьхь Iаржйинчех хир ву и. Царах уггар чIогIа лаьллинарг, хина гена ваьккхинарг - бусалба нехан жамIатах къесташ, церан некъара вуьйлуш верг ву. Царех бу, шайн тобанашка бекъабелла болу хаварижаш, шайн тилар билгалдолу «равафидаш», шайн лаамашкахь (хетаршкахь) йолу муIтазилийн тоба. Уьш берриге дин хуьйцуш, керла хIуманаш юкъадохуш бу».

Иштта дукха харцонаш лелорехь, зулам дарехь тIахъаьлла хьийзаш бу уьш. Бакъдерг хьулдеш, оцу бакъона тIехь берш сийсазбо, хIаллакбо цара. И дIакъаьстинчеран охIла (хераяьлла), шайн хетаршка бирзинарш а, керла хIуманаш динна юкъадаьхнарш, гуччохь даккхий къинош летош берш, Iесалла дайн хеташ берш – уьш берриге оцу аятана юкъабогIуш хилар кхерам болуш бу.

Имам Алусис (Дала къинхетам бойла цунах) шен тафсирехь далийна, уьш хIокху дина юкъа керла (динца ца догIу) хIуманаш дохуш, шайн лаамашка, хетаршка а бирзина нах бу олура цхьаболчара, аьлла. Иштта и хабарш кхаьчна Iелегара, Абу Умаматера, Ибн Iаббасера, Абу СаIид Аль-Худрера (Дела реза хуьлийла царна).

3) Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Ахьа ала, АллахI ницкъ болуш ву, шуна тIехула, когашна бухара Iазап доссо, шу тобанашка а декъна, вовшашна зуламаш дайта».** *«Аль-АнIам», 65.*

Цхьаболчу Iеламнаха (Фахрур-Разис, имам КъуртIубис) боху, хIокху аятан маьIна – шун вовшахккхетар вовшашца барт боцуш хир ду. Тобанашка доькъур ду шу, барт болу цхьа тоба хир яц шух; шайна юкъахь барт ца хиларна, вовшийн дойур ду аша, бохург ду.

ХIунда аьлча, ша гал болчу некъахь вовшахккхетта хир бу уьш, дуьне лахарехь бекъабелла (барт боьхна) церан тхьамданаш а хир бу.

4) Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Хьо жоьпаллехь вац, дин доькъуш, цунна юкъа къестамаш балош, тобанашка бекъабелачарах».** *«Аль-АнIам», 159.*

КъуртIубин (Дала къинхетам бойла цунах) тафсирехь деана, «дин доькъуш, цунна юкъа къестамаш балош» бохучун маьIна деш, Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) элира, аьлла: «ВаллохIи, дин доькъуш ма бацара уьш, оцу динах бевлла ма бара уьш...»

ХIара аят массо копарийн, ткъа иштта Дала дина омра доцуш динна юкъа керла хIума далийначеран хьокъехь доьссина, аьлла а ду. Абу ХIурайратера (Дела реза хуьлийла цунна) деана, Делан Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) оцу аятехь буьйцурш - **«Динна юкъа цуьнца ца догIу керла хIуманаш дохуш, шеконаш кхуллуш болу хIокху умматан тилабелла нах бу»**, – элира, аьлла.

МужахIида (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла, хIокху «дин доькъуш, цунна юкъа къестамаш балош» аятах лаьцна, – уьш хIокху умматехь болу, динна юкъа цуьнца ца догIу керла хIуманаш дохуш, шеконаш кхуллуш болу нах бу. Хаа дезарг, хIокху аято тIенисвийриг – бусалба нах цхьана дашна тIехь нисбарна, дин ца декъарна, цунна юкъа шариIатца ца догIу керла хIуманаш ца дахарна тIехь сутара бахар ду.

5) Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«ХIай ийман диллинарш, шайх боцурш шайна доттагIий ма лацалаш. Шуна зен дан гIертачуьра совцур бац уьш, шуна вуон болх хилча, хазахета царна. Церан маттехула гучуяьлла цаьргахь йолу хьагI-бода. Амма церан дегнаш чохь дерг кхин ирча-доккха хIума ду. Иштта оха йийцина шуна билгалонаш, шу хьекъал долуш делахь».** *«Алу Iимран», 118.* Абу Умамата (Дела реза

хуьлийла цунна) дийцина, хIокху аятехь хьахийна «доттагIий» Делан Элчано (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) хаварижаш бу, элира, аьлла. Имам Алусис (Дала къинхетам бойла цунах) хIокху аятан тафсир деш, аьлла, хIара аят доссоран билггал цхьа бахьана делахь а, цуьнан хьукма юкъара ду (муьлхха шен дуьхьал верг доттагIа лаьцначунна догIуш ду). Шена дуьхьал верг доттагI лацаро питана до, бохамаш баржабо. Цундела хьахийна тафсирашкахь и тайпа доттагIий – хаварижаш, бу аьлла.

## Хаварижех лаьцна даьхкина хьадисаш

Хьалхарчу декъехь вай дуккха хьадисаш далийра царах лаьцна. Делахь пайде хир ду аьлла хета хьадисаш кхин а далийча. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, шуна юкъахь цхьа нах хир бу, дукха Iибадат деш къахьоьгуш хиларна, шайх нах цецбуьйлуш, цара шаьш шайх тамаш а беш. Динах бовдур бу уьш, экхана чекхъоьккхуш болу пха санна».** *Ахьмад.*

Дерзош, хаварижех лаьцна долу хьадисаш хьахийначул тIаьхьа, массо меттехь, заманахь вай лардала дезачу тилаеллачу тобанех лаьцна юкъара хьадисаш хьахор ду вай:

– Йаманан кIанта Хьузайфата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: Ас элира: **«ХIай Делан Элча, тхо вуочу хьолехь дара, Дала дика дира тхуна. ХIинца тхо дикачу хьолехь ду. ХIокху диканна тIаьхьа вуон догIур-м дац?»** Цо элира: **«ДогIур ду».** Ас хаьттира: **«Оцу вуонна тIаьххье дика догIур дуй-те?»** Цо жоп делира: **«ДогIур ду».** Ас хаьттира: **«Ткъа оцу диканна тIаьххье вуон догIур-м дац?»** Цо жоп делира: **«ДогIур ду».** Аса хаьттира: **«Муха хир ду иза?»** Цо жоп делира: **«Сол тIаьхьа имамаш бевр бу, аса беанчу некъа тIехь хир бац уьш я сан Сунната тIехь хир бац. Царна юкъара цхьа нах гIуьттур бу, шайтIанан дегнаш долуш, шаьш адамийн догIмашкахь белахь а».** Аса хаьттира: **«Церан хене со валахь, хIун дан деза аса, хIай Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)?**»** Цо жоп делира: **«Хьайн паччахье ладогIа, цунна муьтIахь а хила. Цо хьайна тохахь, даьхни схьадаккхахь а, ладогIа, муьтIахь а хила».** *Муслим.*

– Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Сан умматах**

**тIаьхьарчу заманахь цхьа нах беврбу, шуна я шун дайшна ца хезнарг дуьйцуш. Царах ларлолаш».** *Муслим.*

– Цуьнгара кхечу некъахула кхаьчна Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIара дешнаш: **«ТIаьхьарчу заманахь шуна я шун дайшна ца хезнарг дуьйцуш, нах Iехош, харцлуьйш, аьшпаш буттуш цхьа нах беврбу. Царах ларлолаш, шаьш тиладарх, цара шайна юкъа питана дожадарх ларлолаш».** *Муслим.*

– Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIара аят дийшира: **«Иза ву** (АллахI) **хьоьга жайна** (Къуръан) **доссийнарг. Цунах ду маьIна билгала долу аяташ, уьш жайнан** (Къуръанан) **нана** (бух) **лоруш ду. Иштта кхин аяташ ду, шайн маьIна ийна долуш** (Iеламнаха билгалдаккха дезаш)**. Амма шайн дегнаш чохь** (бакъонах) **дIатовжар дерш – уьш тIаьхьахIуьтту цунах маьIна ийна долчарна, питана лоьхуш, оцу аятийн маьIнах кхета гIерташ а. АллахI воцчунна хууш дац оцу аятийн кIорггера маьIна. Динан кIорггера Iилма долчара олу: «Тхо теша оцу** (маьIна ийна долчу) **аятех, уьш дерриге АллахIера ду». Амма хьехам дIа ца лоцу хьекъалан дайша бен».** *«Алу Iимран», 7.* Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) элира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шайн маьIна ийна долчу аяташна тIаьхьабозурш шайна гахь, ларлолаш царах, уьш бу АллахIа шайна и цIе тиллинарш».** *Бухари, Муслим.*

## Хаварижийн сибаташ

Баккъалла а, хаварижийн шайн билгалонаш ю, цаьрца къасталуш бу уьш. Иштта сибаташ ду церан, цаьрца билгалбовлу уьш. Церан сибаташ вайна дийцинчарех, уьш вайна бовзийтинчарех уггар диканиг Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву. Цо уьш дийцина шен сийлахьчу хьадисашкахь. Церан сибатийн гулар йийцале, и сибаташ девзаш хиларан мехалла хьахор ю вай:

1) Церан сибаташ довзаро гучудоккху вайна, уьш массо дозанел тIехбевлла хилар. Иштта уьш бовзаро гIо до вайна, уьш гучубовла бахьана ца далийта а. Оцунах, шеко йоцуш, къайлагIур боцуш пайда бу вайна.

2) Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисашкахь ма-дийццара, тӀаьххьара зама яллац хир болуш бу уьш. Цундела мехала ду церан сибаташ довзар, цаьрца доьзнарг хууш хилар.

3) Церан сибаташ довзаро стаг царна юкъа кхетарх ларво. Вуон хӀума девзаш воцург, дукхахьолахь, вужуш ву оцу вуонна юкъа. Цул сов, уьш бовзаро (церан сибаташ довзаро) царах ларвала, и цамгар кхеттачарна (оцу балехь болчарна) дарба дан а аьтто бо.

ХӀинца, церан сибаташ билгалдохур ду вай, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисашкахь ма-баххара:

## 1. Сийсазбар, тилавар, Ӏехавар

ХӀара сибаташ хаварижийн уггар бӀаьрла сибаташ ду. Нийсонна тӀехь болу имамаш сийсазбеш, уьш тилабелла бу, боху цара. Бусалба нехан имамаш бакъонна, нийсонна тӀера бевлла бу бохуш, шайггара хьукма дора цара. И сибат гучуделира Зуль-Хувайсирата динчу къамелехь: «ХӀай Делан Элча, нийсо е!»

Ша Делан Элчанал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Делах кхоьруш лерира цо, ткъа Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хӀума екъарехь галваьлла, нийсонна тӀера ваьлла хиларх тешна вара иза. ХӀокху сибатах ца бевлла уьш цхьана а заманахь. Боккха, зуламе (вуон) Ӏаткъам бина цара хьукма дарехь, Ӏамалш-белхаш барехь а. Ибн Таймияс хаварижех лаьцна иштта аьлла: «Церан тилабаларан бух – иза нийсонна тӀехь болу имамаш, берриге бусалба нах нийсонна тӀера бевлла, тилабелла бу, аьлла, уьш тешна хилар бу. Цул тӀаьхьа, шайна зуламе ду аьлла хетарг, шайна гергахь, куфр (керсталла) лорура цара. ТӀаккха оцу куфрана шаьш юкъададьхна хьукманаш дора цара».

## 2. Вуон ойла хилар

ХӀара сибат гучуделира церан тхьамда волчу Зуль-Хувайсиратехь, цо Делан Элчанан (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) ниййат, цӀена Делан дуьхьа дац, аларца. Цо аьллера: «ВаллохӀи, хӀара хӀонс нийсонца, Делан дуьхьа (Дела резаван) екъна ма яц». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хӀонс къечу нахана ца луш, хьоладайн тхьамданашна екъар дикачу балха тӀе ца тигира цо. Кхин хӀумма а ца хилча, хӀонс йоькъуш верг Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

хилар тоьуш ма дара Зуль-Хувайсиратана. Амма шен синан цамгар бахьанехь, цо и дика ойла хилар юхатуьйхира. И бахьана (синан цамгар), Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) нийсо еш вац аларца лачкъо гIоьртира иза. Оцу кепара, иблисо галваьккхина, шена караверзийна, лецира иза.

Цундела адам шен синан лаамийн тергоеш хила деза. Шен синна лууш дерг (дика я вуон) къастош хила веза стаг, шена моьттучунна, хетачунна тIаьхьавазарх ларвала веза иза. Иблисан мекарлонна тIехь самоеш хила а веза иза. ХIунда аьлча, цо, сирла лепачу кехата юкъа а хьарчайой, хийла вуон Iамал хазйо. Мел ирча Iамал, болх, бакъонан буха тIехь бу, олий, бехказа а боккху иблисо. Адаман са оцу вуочу хIуманах, шайтIанан мекарлонах, цо лацарх лардеш дерг Iилма ду. Зуль-Хувайсират, шегахь Iилманан лар йолуш мукъане хиллехьара, я цхьажимма кхетам болуш хиллехьара, галваьлла, оцу иблисан кара гIур вацара.

Ткъа хIинца Исламан Iеламнахана меттиг лур ю вай, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) нехан йоьхначу юкъаметтигашна дарба деш бинчу белхан сийлалла, лелийначу хьекъалан кIоргалла а довзийта. Ибн Таймияс аьлла: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Хьунайн яьккхинчу шарахь цигахь яьккхина хIонс Исламехь чIагIбаланза болчу Наждан охIланна, къурайшийн тайпанан болу шайн зударий битинчу, масала, Iуяйна бин Хьисн нахана а юккъехь йийкъира. Ткъа мухIажаршна, ансарашна хIумма ца елира цо. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIонс Наждан охIланна елира, церан дегнаш Исламехь чIагIдалийтархьама. ХIунда аьлча, уьш ийманехь чIагIбалар, берриге бусалба нахана маслаIате долу дела. Ткъа цо хIонс ца луш битинарш, цунна гергахь, лакхара бара. Элий бу уьш, Делан гергара нах (эвлаяаш) бу. Делах кхоьруш болу, Делан уггар дика леш бу уьш, пайхамарш, элчанаш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) дIабевлча. Амма Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIонс екъначарна юкъахь шаьш балале хьалха Исламах юхакхеттарш бара, дукхах берш, къен боцуш, бехаш нах бара уьш. Къечарна хIонс екъар, хьоладайшна (бехаш болчарна) и екъарал маслаIате хиллехьара, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) иза, оцу шайн тайпанашкахь вовшех летачу хьоладайшна йоькъур яцара. Цо и хIонс дIалур яра, царел дика, шена оьшуш болчу мухIажаршна, ансарашна а.

Оцунах тера ду, хаварижаша Делан Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сийсазван гIортар. Царех хьалхарчо элира цуьнга: «ХIай Мухьаммад, нийсо е, нийсо ца йина ахьа». Юха элира: «Баккъалла, хIара екъна хIонс, Дела реза волчу кепара екъна яц…» Марханаш дукха кхобу цара, ламазаш до, Къуръан доьшу дукха, амма Суннатна, бусалба нехан жамIатна юкъара къаьстина уьш. Лерина, шаьш ца кхоош Iибадат до цара, амма Iилма дац цаьргахь. И (Iилма ца хилар) бахьанехь луш йолу хIума (вайн масалехь - хIонс) хьашто йолчунна бен ца йогIу, аьлла, хийтира царна. Цундела, шайн тайпанашкахь вовшех летачу хьоладайшна хIонс ялар маслаIате дац, боху цара. Цара и алар, уьш жехIил хилар ду. Баккъалла, луш йолу хIума, Ислам-динан маслаIате хьаьжжина ю.

Далла чIогIа муьтIахь мел верг, Цуьнан динна (Исламна) сов пайден мел верг хьалхара ву, шена хIума (хIонс) яла. Ислам-дин дIахIотто, цуьнан мостагIий иэшо, иза айдан, дIакхайкхо а оцу хIонсана хьашто йолчунна и ялар гIоли ду, шолгIачеран оцу хIонсе хьашто чIогIо елахь а. Цундела, стеган декхар ду, сема хилар, хьехам баран Iилма девзаш хилар, шариIатан баххаш (цуьнан Iалашонаш) евзаш хилар. ТIаккха иза шеконе, моттаргIанашка вужур вац. Шена хетаршка вирзина, хьере хир вац, нахах вуон ойла хир яц цуьнан, уьш сийсазбийр бац цо, уьш хасто, дика дош ала бахьана а долуш.

### 3. Iибадатехь тIех соввийлар

ХIокху церан сибатна вай тIенисдина Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисо: **«Сан умматах цхьа нах бевр бу. Къуръан доьшуш хир бу уьш. Цара доьшучу Къуръане хьаьжча, аша доьшург кхоччуш хетар дац шуна; цара дечу ламазашка, кхобучу марханашка хьаьжча, шайн ламазаш, марханаш кхоччуш хетар дац шуна».** Марха кхабаран, буьйса денъяран, Дела хьехоран, Къуръан дешаран Iибадатехь совбийларца билгалбевлла (гIарабевлла) бу хаварижаш. «Къуръан доьшурш» бохучу цIарца бевзинера уьш, Къуръан дешарна тIехь цара чIогIа къахьегарна, Iибадатехь совбийлар бахьанехь а. Делахь а, оцу Къуръано бохург шайна ма-хетта туьдура (маьIна доккхура), шайн хетарг хьалхадоккхура, Делах кхерарна, суьпа хиларна а тIехь чIагIбелла белахь а.

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) бийцира уьш, цаьрца ша къамел дан вахча: **«Цхьана нахана юкъа нисвелира со. Царал лерина Iибадат деш нах гина бацара суна. Церан хьаьжнаш тIехь даьIнаш дара, дукха сужданаш дарна; церан куьйгаш эмкалан голаш санна дара, царна**

**тІехь кучамаш яра - йиттина, пхьуьйшаш хьалакарчийна йолуш. Яххьаш макхъелла бара уьш, буьйсанна, Іибадат деш, наб ца яр бахьанехь».** ХІокху къамело гойту вайна, Дела хьехорца цара сов тІех къахьоьгуш хилар.

Ибнуль-Джавзис (Дала къинхетам бойла цунах) дуьйцу: «Іела (Дела реза хуьлийла цунна) веллачул тІаьхьа, и вийна волу Ибн Мульджим асхьабаша вен араваьккхира. ІабдуллахІ бин ДжаІфара когаш, куьйгаш дехира цуьнан, амма важа шек ца велира я вист ца хилира. БІаьрганегІаршна тІехула цІийбина хьостам шена хьаькхча а, шек ца волуш, бІаьргех охьаоьхуш соьла а долуш, «Аль-Іалакъ» сурат дийшира цо чекхдаллалц. Шен мотт баккха хІиттича, кхеравелла, вуьйхира иза. Цуьнга хьаьттира, хІинца хІунда вуьйхи хьо, аьлла. Цо жоп делира, дуьнен чохь волуш Дела ца хьехош йолу елла хІума хила ца лаьа шена, аьлла. Мокхачу басахь юьхь йолуш, хьаьжа тІехь дукха сужданаш дарна билгало йолуш стаг вара и, Делан неІалт хиларг». (Ибнуль-Джавзи, «Талбису иблис», 94 агІо).

Церан гуш йолчу дикачу агІонах Іехадала мегар дац вай. И стаг жехІил хиларан коьрта билгало, шен мотт баьккхича Дела хьехалур вац аьлла, иза кхеравалар ю. Цуьнгахь Іилма делахьара, хуур дара цунна, дагца Дела хьехор, маттаца Иза хьехочул а дуккха гІолехь, мелехь дуй. Амма цара динчу Іибадатах мела ца хилира царна я цунах пайда ца ийцира цара. Чохь са доцчу дегІан чалхах, стом ца латийначу хенах тера дара и церан Іибадат. Іибадато церан гІиллакхаш ца тодира, синош ца цІандира, дегнаш ца кІаддира. Ткъа Іибадат вайна тІедилларан Іалашо – гІиллакхаш тодар, синош цІандар, дегнаш кІаддар ю.

Веза-Сийлахьчу АллахІа боху:

**– «…Ламаз а хІоттаде. Баккъалла а, ламазо вухатуху ирча хІума дарх, шарІехь мегаш доцург лелорх а».** *«Аль-Іанкабут», 45.*

**– «ХІай, ийман диллинарш! Шуна тІедиллина марха кхабар, шул хьалхабаханчарна тІедилларх терра, шу Делах кхоьруш хилийтархьама».** *«Аль-Бакъарат», 183.*

Оцу хьекъалх бевллачу нахана цхьа а дакъа ца кхечира шаьш буьйсанан юккъехь гІуьттуш йинчу Іамалех, наб яйар, кхобучу марханашца мацалла хьегар, доьшучу Къуръанах йиш халар доцург. Хаварижийн хьал довзаро вай тІенисдечу пайданех лаьцна иштта дуьйцу Ибн Хьажара (Дала

къинхетам бойла цунах): **«Стеган тӀехула долу хьал нисдарх тоьуш дац, иза нийсо ярца Ӏибадатехь, суьпа хиларехь, гӀараваьлла велахь а. Оцу стеган хьолан къайлах йолу агӀо ю талла, зен а езаш».** («Фатхьуль-Бари», 302/2).

## 4. Бусалба нахаца шога хилар

Хаварижаш бусалба нахаца шога, къиза, луьра хиларца бевзаш бу. Бусалба нах ца безаран тӀегӀа кхерамечу дозане кхаьчна церан. Бусалбанийн цӀий, даьхни, сий хьаналдеш, уьш чехабора, байа а бойура цара. Амма хӀолламашна Ӏибадат деш берш а, кхиболу Исламан мостагӀий а ца хьебеш буьтура, цаьрца машар бора, зен-зулам ца дора царна. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) церан и сибаташ иштта дийцина вайна: **«Исламан динехь берш бойура цара, хӀолламашна** (жӀаршна) **Ӏибадат деш берш ца хьебора».**

Тарихехь хийла Ӏаьржа агӀо йисна хаварижаша лелийначунна теш хилла. Царах цхьаъ дӀайоьллу хӀокху хӀоьттина хиллачу ирчачу суьрто: «Некъахь шайна дуьхьалкхеттачу ӀабдуллахӀ бин Хаббабе хаьттинера хаварижаша: «Хьайн дегара, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вайна дийцина хьадис хезний хьуна?» Цо элира: «ХӀаъ. Суна хезна, сан дас олуш, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьа питана хьахийра, аьлла. Оцу питанехь (цхьана а юкъа ца гӀерташ) хиъна Ӏаш верг, ирахь волчул гӀоли хир ву; ирахь верг волавеллачул гӀоли хир ву, ткъа волавелларг – ведда воьдучул гӀоли хир ву. Оцу хене валахь, нах бойучул хьой вейтар гӀоли ду хьуна». Цара хаьттира: «Хьуна хьайн дегара хезира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и дийцина, аьлла?» Цо жоп делира, хезира шена, аьлла. ТӀаккха хийисте вигна, вийра цара иза; алссам дара цунна тӀера охьахьаьдда цӀий. Цуьнан хӀусамненан гай ятӀийра цара, и берах йолушшехь. Цул тӀаьхьа хурманан дитта кӀел охьахевшира уьш. Оцу тӀера охьаэгначу хурманех цхьаъ схьаэцна, бага кхоьссира царах цхьамма. Кхечо, бехк боккхуш, элира цуьнга, бакъо йоцуш, дӀабелла мах боцуш, схьаийци ахь и, аьлла. Шегара бехк баьккхича, багара охьакхоьссира цо и хурма. Царах цхьаъ, баттара тур даьккхина, и лесто вуьйлира, тӀехбовлучу (бусалба махкахь бехачу) керста нехан хьакхина туьйхира цо и тур, муха лета хьожуш. Кхечара, бохамаш беш ву хьо хӀокху лаьтта тӀехь, элира цуьнга. Оцу хьакхин дена дийнатан мах дӀабелла, и резавира цара. Иштта бу хаварижаша бусалба нахаца лелош болу некъ –

шога, луьра, девне, буьрса а. Цара мел дукха Дела хьехаварх, Къуръан дешарх, пайда хир бац царна, нагахь санна уьш Делан нийса некъахь бацахь, бакъ-нийса агIо схьалаьцна бацахь а. АллахIа Шен шариIатна атта (чIагIдина доцуш), коьмарша, адамана лан хала доцуш долу сибаташ делла. Шога, кIоршаме - копаршца хилар дика ду. Ткъа бусалба нахаца кIеда-мерза хила веза. Амма хаварижаша нийсса бIостанехьа леладо и дерриге.

Веза-Сийлахьчу АллахIа боху:

**– «Мухьаммад – АллахIан Элча ву. Цуьнца берш – керста нахаца шога а болуш, вовшашца къинхетаме бу».** *«Аль-Фатхь», 29.*

**– «ХIай ийман диллинарш, шух цхьаъ шен дин дитина вухавалахь, АллахIа кхин нах кхуллур бу, Шена уьш безаш, царна Ша а везаш. Бусалба нахаца кIеда а болуш, керста нахаца шога а болуш».** *«Аль-Маидат», 54.*

Ткъа хаварижаша, оцу аяташа бохучунна нийсса дуьхьал хIуманаш лелош, бусалба нах хьийзабо, царна кхерамаш туьйсу. И кхерамаш, ницкъбар а бахьана долуш, наха, шайн са кIелхьардаккхархьама, шаьш ширк (Делаца накъост лацар) до моттуьйтуш хIуманаш леладора.

Аль-Мубаррида элира: «Василь бин IатIаъ шайн накъостийн тобанна хьалхаваьлла вогIуш, царна хаварижаш хаабеллера. Цо элира шен накъосташка, хIара шун гIуллакх дац, ша цхьаъ вита цаьрца къамел дан, аьлла. Баларна кхерам болуш, хала киртиг яра царна тIехIоьттинарг. Цара элира цуьнга, хьайн лаамехь ву хьо, дуьхьалхIотта царна (къамел де цаьрца), аьлла. Хаварижаша хаьттира цуьнга, мила ву хьо а, хьоьца берш а, аьлла. Цо элира: «Мушрикаш, Делан даше ладогIа, цунах кхета (цуьнан дозанаш довза) шуьгара гIо-накъосталла оьшурш бу».

– Оха тхайн куьйга кIел леци шу.

– Iилма хьехийша тхуна.

Цунна шайн тешамца догIуш долу ахькамаш хьеха буьйлабелира уьш. ТIаккха элира Василь бин IатIаъа, оха къобалди аша хьехнарг, аьлла. Цара элира, тхуна тIаьхьахIитта, шу тхан вежарий ду, аьлла. Цо элира, тхо шайца дIадига йиш яц шун, Везчу Дала ма-аьлла: **«Мушрикех цхьамма хьоьга ша тIеэцар дехахь, тIелаца иза, цунна Делан дош хаззалц. Цул тIаьхьа дIакхачаве иза кхерам боцчу метте».** *«Ат-Тавбат», 6,* цундела тхо кхерам

боцчу метте дІакхачо деза аша, аьлла. Вовшашка хьаьжна, цара элира, и шун бакъо ю, аьлла. Массара, вовшахкхетта, уьш кхерам боцчу метте кхачийна, маьрша битира уьш.

Хьажахь, церан Іилма кІеззиг хиларе, цара бечу гІийлачу талламашка а.

## 5. Іилма кІезиг хилар

Хаварижийн йоккха цамгар ю, Къуръанах, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Суннатах долу церан Іилма гІийла хилар. Цуьнан маьІна – кхетам кІеззиг хилар, ойла кІорггера ца хилар, хьекъал кІеззиг хилар ду. Цул сов, Къуръанан аяташ, хьадисаш, нийсса, шаьш далон дезачу меттехь, ца далор догІу оцу юкъа.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) йовзийтина вайна церан и кхераме цамгар. Цо аьлла царах лаьцна шен хьадисехь: **«Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац».** Нийса кхетаран цхьа а дакъа дац цаьргахь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тоьшалла дина царна, Къуръан дукха, хаза доьшуш хир бу уьш, аьлла, амма сийсаз хир бу уьш. Цуьнан бахьана хІун ду те? Дера ду, церан пайден боцу кхетам цамгаро лацар, шайн галъевллачу моттаргІанаша уьш лацар бахьанехь цара оцу Къуръанах ирс ца эцар.

Делан сирла вахьйу юьхьарлаца сихо ца йора цара. Цундела дукха гена даьржира цаьргара зулам. Шайна, кхечу бусалба нахана а таІзар, халонаш йира цара.

Ибн Хьажара (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, имам Нававис (Дала къинхетам бойла цунах) элира, аьлла: **«Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац»** бохург, Къуръан дешарх цхьа а пайда хир бац царна, шайн маттехула цара и дІадешар доцург, ду. Ур-атталла, легашка кхочур дац царна и, дегнашка кхачар хьеха ма де хьайна. ХІунда аьлча, оцу Къуръанна тІе ойла яхийта еза, талла деза, дагчу кхачийта деза и доьшуш волчо». («Фатхьуль-Бари», 293/12).

Кхетам гІийла хиларан цамгар, кхоччуш Іилма ца хилар, боккха кхерам болуш хІума ду. И цамгар хІокху Исламан умматехь яьржира, цунна кІорга чов а еш. Оцу цамгаро ша хьакхаеллачаьрга (цхьа бакъо йоцушехь) бусалба

дика нах копарш, тилабелларш бу олуьйтура, сийсаз а бойтура. Цул тIаьхьа баьржира бусалба нахана юкъахь къийсамаш, къестамаш, зулам, мостагIалла.

Хаварижийн вуочу кхетамах лаьцна асхьабаша дийцинарг довзуьйтур ду вай лахахь.

Имам Бухарис дийцина, Ибн Iумарна (Дела реза хуьлийла цаьршинна) уггар вуон халкъ хетара уьш, аьлла; копарийн хьокъехь диссийна аяташ доьшуш, уьш муъмин нахана тIедерзадора цара, олура цо.

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлларг хезча, хазахийтира СаIид бин Джубайрана. Цо элира: «Хьарурияташ (хаварижаш) шайна билггал ца девзачунна (муташабихI) тIаьхьабазаран масал ду, цара хIокху аятна: **«Дала доссийначуьнца хьукма деш боцурш – уьш зуламан дай бу».** *(«Аль-Маидат», 44)* тIаьхьа хIара аят доьшуш хилар: **«ТIаккха куфр диначара шайн Делаца накъост лоцу».** *«Аль-АнIам», 1.* Имам хьукма деш галваьлча, цо куфр дина, олура цара. Ткъа куфр динарг Делах дIахьаьвзинарг ву, Делаца накъост лаьцна цо, олура цара. ХIара уммат мушрикийн уммат ду аларна тIехь чIагIбелла уьш.

Бусалба нахана дуьхьалбовлий, цаьрца тIом бо цара, шаьш и аяташ шайна ма-хеттара туьду дела. Ма тера ду таханлера хьал дIаяханчу хенахь хиллачух. Шайн кхетам заьIап хиларна, оцу барамал совбевллачара иза бен лелордарий-те?!

НафиIа дийцина, Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна), шега Хьаруриятех (хаварижех) лаьцна хаьттича, элира, аьлла: **«Цара, бусалба нах копарш бу, олу, церан цIий, даьхни хьаналдо, зударий дукха балабо. Шайна юкъа зуда нисъелча, – и марехь йолушшехь – царах цхьамма шена ялайо иза. Царах верг санна, шена дуьхьал тIом бан хьакъ волуш цхьа а стаг ца хаьа суна».** («Аль-ИIтисам», 183/2).

Иштта бу уьш, гIийла кхетам болуш, хьукма дарехь галбевлла, оьзда йоцу амалш, болар-лелар долуш а. Церан Iилма кIеззиг, кхетам гIийла а хиларна, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вахьйуна тIе уьш ца тевжира. Оцу балхо сийсаз а, хIаллак а бира уьш.

Имам ТIабарис (Дала къинхетам бойла цунах) нийсачу зIенаца далийна Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна), ша волчохь хаварижаш, цара Къуръанан аяташ доьшуш олург хьахийча, элира, аьлла: **«МаьIна билггал**

**долчу аятех теша уьш, амма маьIна тайп-тайпана хила тарлучу** (муташабихI) **аятийн маьIна дан гIоьртий, хIаллакьхуьлу уьш».**

Оцу заьIап кхетамо дуккха хеттаршкахь хьалхарчу Iеламнехан хиллачу бартана (ижмаIана) шалхо яйтира цаьрга. Шайгахь Iилма ца хиларна, шаьш бохург бен бакъ ца хетара царна, цунах тамаш бора. Цул сов, шаьш шеконехь долчуьнца доьзна, Iеламнахаца дагабовлуш бацара уьш.

Баккъалла, кхетам гIийла хиларо, кIорггера Iилма ца хиларо тиларчу буьгура уьш хьукма билгалдаккхарехь, цара мел дукха Къуръан дешарх а. Къуръанера, Суннатера делилаш даладахь а, амма далон дезачу меттехь далийна ца хуьлура уьш.

Бакъ ву сийлахь Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), царах лаьцна иштта аьлла волу:

**«Къуръан доьшуш хир бу уьш, цуьнан аяташ шайгахьа ду моьттуш, амма уьш царна дуьхьал долуш».**

**«Церан къамелаш, уггар дикачун къамел санна хир ду. Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац».**

**«Къамелаш хаза дора цара, ткъа деш дерг вуон, зуламе хуьлура».**

**«Делан Къуръане кхойкхура цара нах, амма оцу Къуръанах хIумма а дацара цаьрца».**

Ткъа ахьа ойлаян еза церан: «АллахI воцчун хьукма дац» бохучу кхайкхаман (вай дийцинчух кхетархьама).

### 6. Ханна кегий болуш, ойланаш (хетарш) Iовдал хилар

Бакъдолчунна, нийсачу некъана тIера бевллачаьргахь (хаварижашкахь) зеделла, ханна уьш кегий хилар, церан ойланаш-хетарш акха хилар. И чIагIдо Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьллачу дешнаша: **«ТIаьхьарчу заманахь цхьа нах гучубевр бу, ханна кегий болуш, ойланаш** (хетарш) **Iовдал йолуш».** Ибн Хьажара (Дала къинхетам бойла цунах) боху, ханна кегий бохучун маьIна, гIеметта хIоттаза, кегий нах, бохург ду. Ткъа, ойланаш (хетарш) Iовдал бохург, – иза церан хьекъал аьрта хилар гойтуш ду. Имам Нававис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Стаг кхоччуш кхетам болуш, хьекъалехь чIагIлуш ву, гIеметта хIоьттина, дуккха

талламаш беш, хьекъал кхиъча». («Фатхьуль-Бари», 287/12). Бакъду, ханна жима верг (къона верг), дукхахьолахь, Іилма кІеззиг долуш хуьлуш ву, хІуманна (хІоьттинчу хьолана) кІорггера ойла ца йо цо. Цо йина ойла, цунна гуш (хеташ) дерг нийса хила гена хуьлу. Цул сов, сихаллехь йина, заьІап хуьлу и ойла. ХІунда аьлча, церан талламаш кІеззиг болу дела, говзалла эшна йолу дела а. Кегий нах майраллийца билгалбовлуш бу. Делан динна дуьхьа елахь и майралла, кхин а совйолу церан. Кегийрхойн майралла (тІах-аьлла хилар), Іилма кІеззиг хилар, говзалла иэшам болуш хилар, Іеламнахаца гергарло ца хилар вовшахкхетаро барамал тІехвийларе кхачаво. Къоналлийца гІийла хьекъал цхьаьнакхетча, тамашийна белхаш кхоллало, цецваллал хІуманаш леладойту цо.

Хаварижийн хьекъал ца хилар гучуделира цара лелийначу цхьадолчу хІуманашкахь. Цецваллал кегаделла, тамашийна иэшам болуш ду хІара цара лелийнарш:

– шаьш бохург Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан сийдолчу асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна) бохучул а нийса лорура цара;

– шаьш нийса хиларх, ткъа нийсонан имамаш гІалатбевлла хиларх тешна бара уьш;

– цхьакІеззиг долчу хІуманна тІехь шайн къовсам хилча а, вовшашна копарш бу олу цара.

Хаварижийн жахІлалла гучуйоккхуш, цуьнан бахьана а дуьйцуш, ибн Хьазма боху: «Ткъа хьалхалера (дуьххьарлера) хаварижаш – акха гІайренашкара бедуинаш бара. Цара Къуръан доьшура, шаьш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бакъдолчу Суннатах кхетале хьалха. Царна юкъахь цхьа а Іеламстаг вацара. Іумарна я Іелина, ибн МасІудна, Іаишатна, Абу Мусана, я МуІаз бин Джабальна, Абу Дардаана, Салманна, Зайдна, ибн Іаббасана, ибн Іумарна (Дела реза хуьлийла царна) тІаьхьабаьзначех цхьа а Іеламстаг вацара царна юкъахь. Цундела, цхьа кІеззиг долу фатва дезачу хьолехь шайна хилпло хилча, вовшашна, копарш бу, олий, цІерш тоххура цара. Церан заьІапалла, жехІил хиларан кІорге а гучуелира. Оха нийса ду аьлла шайна далийна делил дІатоттура (къобал ца дора) цара». Цара къобалдеш доьшу хІара Делан дешнаш:

**«Цхьатера вац, шух Макка яккхале хьалха** (Делан новкъахь) **харж йинарг, тIом бинарг а. Уьш даржехь лакхара бу, Макка яьккхинчул тIаьхьа** (Делан новкъахь) **харж йиначарел а, тIом биначарел а.** (Делахь), **шина а тобанна Дала диканца** (ялсаманица) **чIагIо йина. АллахI хууш ву аша дийриг».** *«Аль-Хьадид», 10.*

**«Мухьаммад – АллахIан Элча ву. Цуьнца берш – керста нахаца шога а болуш, вовшашца къинхетаме бу. Уьш гуш бу хьуна рукуIехь, сужданехь а, АллахIера комаьршо, Иза резавар а лоьхуш».** *«Аль-Фатхь», 29.*

**«Баккъалла а, АллахI реза хилира муъмин нахана, хенан кIелахь** (Хьудайбиятехь) **цара хьуна чIагIонна дуй буучу хенахь. АллахI хууш вара церан дегнашкахь дерг. Царна тIе паргIато, синтем боссийра Цо, герга болчу толамца совгIат а дира».** *«Аль-Фатхь», 18.*

ХIара Делан дешнаш дешначул тIаьхьа шайтIано бIаьрса дIаийцира церан, Сийлахьчу АллахIа Iилманах тилийра уьш. Iелина (Дела реза хуьлийла цунна) йина чIагIо йохийра цара. Иштта, Макка яккхале, шайн догIмашца, даьхница тIом бина болу СаIйд бин Зайд, ибн Iумар, кхиберш а (Дела реза хуьлийла царна) къобал ца бира. Иштта къобал ца бира цара, Макка яьккхинчул тIаьхьа гIазот дина, Дала диканца чIагIо йина болу асхьабаш а (Дела реза хуьлийла царна).

Къобал ца беш буьтура цара Делаца чIагIо йинарш, АллахIна шайн дегнашкахь хIун ду хууш, Цо шайна тIе синтем боссийна, Дела шайна реза хилларш а. Копаршца шога, вовшашца къинхетаме болу, Делан дикане, къинхетаме сатуьйсуш рукуIехь, сужданехь болу, сужданаш дарна шайн яххьаш тIехь билгалонаш йолуш, Тавратехь, Инжилехь шаьш хастийна болу, копарийн дегнаш дохош, шайн гуш йолу агIо, къайлах ерг санна, беркате йолу, Сийлахьчу АллахIа шайна и тоьшалла дина болу асхьабаш (Дела реза хуьлийла царна) къобал ца бира цара.

Цу асхьабех цхьанне чIагIо ца йира цара. Амма цара чIагIо йира Шабас бин РибIина – Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхелхича, ша пайхамар ю аьлла, кхайкхам бина йолчу Сажжахьан заманахь молла кхойкхуш хилла волчу. Дала ша нисвича, царах ведира иза, церан тилабалар гучуделира цунна.

Церан харжам, акха Iарбех а волуш, хьотIах шен когаш ларбеш воцчу осалчу IабдуллахI бин ВахIбана тIехь бен ца сецира. Ийман дилларехь цхьа а хьалхе яцара цуьнан, асхьабех вацара иза, Iилма долуш вацара иза я, АллахIа дика дийр ду аьлла, цкъа а тоьшалла дина вацара. Амма церан харжам сецира IабдуллахI бин ВахIбана тIехь, шен имамех цхьаъ Зуль-Хувайсират хиллачу, хьекъална иэшаме, ийман гIийла хиларо Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дина хьукма харц ду аьлла, иза нисван гIоьртина волчу. Делан Элчанал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Делах кхерар сов долуш хийтира цунна ша. И Iесалла лелийра цо, Мухьаммад – Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хиларна мукIарло деш воллушехь, цуьнца ша нийса некъа ваьллашехь, иза бахьанехь шена дин девзина долушшехь. Иштта къобал дора цо, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вацахьара, ша вир санна я кхин а чIогIа тилавелла хирг хилар.

Ибн Джавзис (Дала къинхетам бойла цунах), церан Iовдалалла, кIорггера хьекъал ца хилар дуьйцуш, иштта аьлла: «Берийн цIий хьаналдора (уьш дайа магадора) цара, ткъа новкъахь йоьжна хурма, цуьнан мах ца луш, яа ца магадора; Iибадат деш буьйсанаш денъеш къахьоьгура цара. Ибн Мульджим шен мотт боккхуш бен холчу ца хIоьттира, шена Дела хьехалур вац тIаккха аьлла, амма Iела (Дела реза хуьлийла цунна) вер хьанал дира цо. Цул тIаьхьа бусалба нахана дуьхьал тарраш айдира цара. Ма цецваллал хIума ду, шайгахь Iилма ду аьлла уьш догтешна хилар, Iелехь (Дела реза хуьлийла цунна) долчул дукха шайгахь Iилма ду аьлла, уьш тешар. Зуль-Хувайсирата аьллера-кх Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна): «Нийсо е, нийсо ца йина ахьа». Иблисана а дагадогIур дацара и тайпа ирча хIума алийта». («Талбису иблис»).

Хаварижаш ханна кегий нах хиларо тIенисдо вай, и жималлин кхачамбацарш дIадаха дезарна. И болх, кегийрхошка ойлаяйтарца, шайн синош чIагIдарца, уьш Iеламнахана тIетовжарца дIабахьар коьрта Iалашо хила еза. Иштта бара асхьабех болу кегий нах (Дела реза хуьлийла царна). Шаьш шекдевлла хIума Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хоттура цара, и дIаваьллачул тIаьхьа баккхийчу асхьабашка хоттура. Царах, церан говзаллех пайдаоьцура цара. Шаьш массарел цIена, нийса хеташ бацара уьш, кхечарна цIерш тохкуш, уьш бехкебеш бацара. Цундела дуьнентIехь уггар дика кегийрхой бара уьш.

Уьш ю уггаре бIаьрла йолу хаварижийн билгалонаш. Церан барамал совбийларан (галбовларан) билгалонаш вовшахтоьхча, хIорш хьахон мегар ду:

1– шайна дуьхьал берш сийсазбар, тилабелла, копарш бу, алар; цунна делил ду, уьш Делан Элча (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) сийсазван гIортар, цо хIонс йоькъуш нийса ца екъна, аьлла; иштта муъмин нехан паччахьаш Абу Бакар, Iумар, Iусман, Iела а (Дела реза хуьлийла царна) копарш бу алар.

2 – нахах вуон ойла хилар; цунна делил, цара Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ниййат, цо хIонс йоькъуш цIена дацара, аьлла, иза бехкевар ду. Цара, цIе кхуллуш, иза бехкевира, шайн хьекъал ца хиларна, и хIонс хьоладайшна екъаран кIорггерчу Iалашонах шаьш ца кхетарна.

3 – шайгахь Iилма доцуш, Iибадатехь совбийлар; Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ма-аллара: **«Цара до ламазашка хьаьжча, шайн ламазаш гIийла хетар ду шуна…»**

4 – бусалба нахаца шога хилар; **«Бусалба нах бойуш, хIолламашна Iибадат дийраш хье ца беш…»**

5 – Iилма кIеззиг хилар (асхьабашкара схьа ца эцар бахьанехь); **«Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац».**

6 – Талламаш барна, говзаллийна а тIехь иэшам болуш, ханна кегий, хьекъална аьрта (заьIап) хилар. **«Ханна кегий болуш, ойланаш** (хетарш) **Iовдал йолуш».**

**Хаварижаш галбовларан** (дозанел тIехбовларан) **бахьанаш**

Церан барамал совбийларан (галбовларан) бахьанаш дуккха ду, хIара жайна доьшуш волчунна билгалдалур долуш ду уьш. Делахь а, доцца и коьрта бахьанаш хьахо лиъна тхуна лахахь:

1– шен нийсачу хьостанера (источник), баххаш тIера Iилма схьа ца эцар бахьанехь, заьIап кхетам, иэшаме Iилма хилар; **«Къуръан доьшуш хир бу уьш, амма цара доьшу и Къуръан церан легашел дехьадер дац».**

2 – талламаш барна тIехь, зеделлачунна тIехь иэшам болуш, ханна кегий хилар, хьекъална аьрта (заьIап) хилар; **«Ханна кегий болуш, ойланаш** (хетарш) **Iовдал йолуш».**

3 – шайх чIогIа бIобулуш, лакхара ойла йолуш хилар, шайх боцу бусалба нах ца безар; шайн къовсамечу лаамашна, хетаршна тIаьхьабазар;

4 – шайн ойланашца, кхетамашца бехаш хиларна, шайн хетаршца догIу жайнаш бен ца дешар, шайн некъахь волчуьнга бен ла ца догIар (кхечу некъахь болчаьрга шайна тIеIаткъам ца байтархьама);

5 – Делах кхерарна тIе ойла яхийтар, АллахIан къинхетамах догдахаран ойла дIа а тесна. ХIокху бахьано, лакхахь билгалдинчу бахьанашца цхьаьна, шайна гонах хIиттиначу хьелашна шайна хетачу (заьIап, гал) кепара мах хадабойту (хьукма дойту) цаьрга. Цхьа кIеззиг долчу бахьанина, шайца боцурш копарш лору цара, царах вуон ойла хуьлу. Шаьш бохучунна дуьхьал волчуьнца, иза милла, – Делан Элча (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) велахь а, – гамо, цабезам хуьлу церан.

ХIокху хьокъехь имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Деккъа Делах кхерар бахьанехь Цунна Iибадат динарг хьарурий (хаварижех) ву». Иза, Делан къинхетаме, гечдаре кхача сатийсар доцуш, деккъа Делах кхерар, Цунна Iибадат дар, бохург ду. Ткъа Делан къинхетам боккха ма бу, массо хIума шена юкъалоцу цо. Иштта Далла Iибадат до цара, и АллахI везар доцуш. Везчу АллахIан дерриге сифаташ кхоччуш ду – сийлаллин сифаташ хуьлийла уьш я хазаллин хуьлийла. Цундела, Веза-Сийлахьчу АллахIан белхийн, Цо шен халкъана луш долчу ниIматийн ойлаеш волчун декхар ду, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ма-хьеххара АллахI везар. Цо аьлла: **«Шена шу дезарна шуна ниIматаш луш волу АллахI везалаш. АллахI везарна, со а везалаш. Со везарна, сан цIийнан охIла безалаш».** *Тирмизи.*

Цундела и дегнаш Дела везарх дуьзна хуьлу. И Дела везар АллахIан халкъашка долу, цара мел дечу хIуманца къинхетаме хилар гучудолу, Делан Элчано (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) ма-хьеххара. Цхьана дийнахь Iумарна (Дела реза хуьлийла цунна) цхьа стаг гира, урс хьакха уьстагI такхийна воьдуш. Цо цунна шен карара Iаса а тоьхна, элира: **«Айхьа бен буьгу и уьстагI, хьийза ца беш, эсала, бига».** *БайхIакъи.*

6 – шайн хетаршкахь Іехабалар. Царах цхьаберш гушдолчу Ібадаташна тІаьхьабозу, амма шайн дегнаш чуьра хьагІ, куралла, моттаргІанаш, олалла дезар, бусалба нахана воун болх хила лаар (цунна тІехь сутара хилар), махкахь гІарабовлар бохучу цамгарех ца бовлу уьш. Цул сов, шаьш Іехабаларна, и цамгарш Дала сийсазйиний ца хаьа царна.

Шайн гуш йолу агІонан хазйина, чоьхьара агІонан терго ца ечу оцу нахана дицделла (я дагадаийта ца лаьа) Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлларг: **«Баккъалла а, АллахІ шун догІмашка, шун куьцашка а хьоьжуш вац, бакъду, Иза шун дегнашка а, шун Іамалшка а хьоьжуш ву».** *Муслим.*

Гушйолчу Іамалшна тІаьхьабозу уьш, амма коьрта долу дог диццдо цара. Ткъа декъалхир вац, Далла дуьхьал цІенчу дагца вахнарг бен.

Оцу хаварижех бу, моттаргІанаш, куралла, хьагІ, – шариІатехь магийна доцу, сийсаздина, харц гІиллакхаш дуй хууш болуш, делахь а, шайх бІоболарна (шаьш-шайх тамаш барна) и къинош шайх хьакхалур дац моьттурш. Царна шаьш АллахІна гергахь лакхара хета, оцу къиноша шаьш ца леццал. Шайгахь куралла, дарж, сийлалла дезар гучудаьлча, иза куралла яц, олу цара. Иза – динан Іилма лахар, Іилманан сий айдар, Делан динна гІодар, шайн дуьхьал болчу, бидІаташ юкъадохучеран догдохор (уьш сийсазбар) ду аьлла хета царна.

Цара диццдина, шайтІа шаьш лелочух даккхийдеш хилар, иза шайх делар а. Цара диццдина Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийцинарг, цуьнан асхьабех, уьш эсала а, юккъерчу барамехь хиларх а лаьцна деанарг. Хаварижаш Исламан сийлалла даржашца, олаллийца (куьйгалле кхачарца) айдан гІерта. Оцу дарже кхача гІерташ, вовшашца къийсало, девнаш до цара, шаьш динан, Іилманан гІоьнчий ду бохуш. Иза иштта делахьара, шаьш доцуш, кхечара нахана дика болх бича а баккхийбийр бара уьш. Амма уьш харцонца нахаца къийсамаш, девнаш деш бу.

Царах цхьаболчара, нахана хьехамбарх, уьш нисбарх болх а бина, и шайна пайденна берзийна. Іехабелла (тилабелла) нах бу уьш. Нахана шаьш хьоьхучу цІенчу гІиллакхашна массарел гена бу уьш.

Уггаре чІогІа Іехабелла нах бу уьш, хІунда аьлча шайх чІогІа тамаш беш, цецбовлуш нах уьш болу дела. Шаьш кхечу, массеран хила хьакъ доцчу,

езчу, сийлахьчу метте, дарже хIиттабо цара. Церан дегнаш кураллех, хьогIах, цабезамах дуьзна ду.

Цара оцу билгалдевллачу сибатех шаьш цIандеш, шайн хьехамашкахь Къуръанан аяташ, хьадисаш, Iеламнехан дешнаш даладо маьждигийн минбаршна тIера, базаршкахь... Къуръан, хьадисаш, Iеламнехан хьехамаш Iамийча, шаьш оцу хьехамашца нисделла ду моьтту царна; шайн Iалашоне, Делан гечдаре кхаьчна, Цуьнан Iазапах девлла аьлла хета царна, шаьш шайн къайле, тIехуле къинойх ларйина йоццушехь. Царна кхачаме ду моьтту, динан Iеламнехан дешнаш шаьш Iамийчхьана, дукхахболу Iеламнах копарш бу, динехь керла белхаш юкъабохуш бу, бохуш, царна цIерш тоххуш шаьш Iийча. Церан Iехабалар кхечерачул чIогIа ду.

Царах ву, ша Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисаш Iамош (толлуш) ву бохург. Иза Iехавелла стаг ву. Ша уггар дика стаг хета цунна. Иза, шена тIебиллина жайнийн мохь болчу, вирах тера ву. ХIунда аьлча, цо оцу Суннатах (хьадисех) кхета, маьIна довза гIерташ къа а ца хьоьгу (хан ца йойу), и хьадисаш дагахь Iамийна, тIаккха дIадийцичхьана тоуьйту цо, маьIнех ша кхеташ вацахь а. Цхьадолчу хьадисех кхеташ хуьлу иза – цунна дезаш долу хьадис хила тарло и – ша кхеттехь а, оцу хьадисах ирс ца оьцу цо, шена хетачуьнца догIуш хилча а бен. Оцу кепара, шен дагца йолчу Iехаваларан цамгарна дарба дан вицло иза. И дарба дар важиб ду цунна. Ткъа цара лелориг – уггар ирча тилавалар, Iехавалар ду.

Царах цхьаберш шаьш бечу дикчу балхах, ечу суннат Iамалех Iехабелла бу. Дукхахьолахь, кIорге гIерта уьш, вовшашца мостагIалла лаццалц, барамна тIехбовллалц.

Царах кхиберш, шаьш доьшучу Къуръанах, кхобучу марханех, шаьш нахана бечу хьехамех (диканиг де, вуониг дита олуш) Iехабелла бу. Шайца дерг диццдеш, наха шайх Iеламстаг эр дац-те бохуш, леладо цара иза. Оцу белхан кIорге гIиртина, цара диццдина шайна тIедеххкина долу декхарш: бусалба нахах дика ойла хилар, моттаргIанаш ца лелор, куралла, хьагI дIаяккхар.

## Хаварижех болу кхерам

## Цара бусалба нах копарш бу алар

Хаварижийн тарихехь, церан кхиарехь вайна гинарг ду:

1. Пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) дIабевллачул тIаьхьа уггар дика нах болчу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабашна (Дела реза хуьлийла царна), эхь ца хеташ, уьш копарш бу, олура цара.

2. Шайна тIе а тевжина, асхьабаш (Дела реза хуьлийла царна) копарш бу ала реза боцу массо бусалба нах копарш лорура цара.

3. Царах цхьаболчара кхиберш копарш лорура. Церан хIора тобанах масийтта тоба кхоллалора. Царах хIорамма кхийолу тоба копарийн тоба ю олура.

ХIара бу хаварижийн (хIаллакьхиларе буьгу) некъ. Оцу некъах тера некъ карор бац вайна, Къуръана чохь йийцинчу, эхартахь цIеран охIланех йолчу тобанан некъ бен. Царах цхьа тоба жоьжахати чу мосазза кхуссу, шайн накъосташна неIалт олура цара.

Ткъа царах къаьсташ бу муъмин нах. Царах тIаьхьабогIучара хьалха дIабаханчарна доIа до: **«Тхан Дела, гечдехьа тхуна а, тхол хьалха ийман диллинчу тхан вежаршна а! Тхан дегнашкахь ийман диллинчаьрца хьагI ма хилийтахьа. ХIай тхан Дела, баккъалла а, Хьо ву-кх чIогIа къинхетам беш верг, Къинхетамениг а».** *«Аль-Хьашр», 10.*

Царна мел хилларг, цара, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) «ла́ ила́хIа иллалло́хI, Мухьаммадур-росу́лулло́хI» аьлла тоьшалла динарг копар ву аларх ларлолаш, баьхна дешнаш тесна дитар ду.

1 - Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Цхьана стаге «ХIай копар» аьлла кхайкхинарг я** (цуьнга) **«ХIай АллахIан мостагI» аьлларг, иза иштта ван а воцуш, иза** (куфралла я Делан мостагI хилар) **цунна** (кхайкхинчунна) **тIе духадоьрзур ду».** *Бухари, Муслим.*

2 - Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стага шен веше, хIай копар, алахь, цаьршиннах цхьаъ копар хуьлуш ву. Нагахь иза** (цо копар ву аьлларг) **иштта велахь** (болх иштта бу)**, нагахь** (иза) **иштта вацахь,** (цо аьлларг) **цунна шена тIе юхадоьрзур ду».** *Бухари, Муслим.*

3 - **«Муъмин стагана неIалт алар – и вер санна ду, иштта муъмин стагана кафир ву аьлла цIе кхоллар а ду и вер санна».** *Бухари.*

Дукхах болу бусалба паччахьаш, куьйгалхой, копарш бу аьлла, кхайкхамаш беш бу хаварижаш. Иштта копарш бу олу цара оцу хьаькамашна реза берш а. Дала доссийначуьнца хьукма деш бац уьш, олий, делил даладора цара. Шайн къилба дина цара хІокху Сийлахьчу аятах: **«Дала доссийначуьнца хьукма деш боцурш копарш бу».**

Вайн дикачу Іеламнаха оцу аятан дина маьІна девзаш боцу, шайл хьалха дІабаханчу накъосташна тІетайна бара уьш и къилба лоцуш.

Фахруддин ар-Разис (Дала къинхетам бойла цунах) масех кепара тафсир хьахийна оцу аятан. Царах цхьаъ ду цо далийна, Іикримата аьлларг: «Дала доссийначуьнца хьукма деш боцурш копарш бу» бохучу аятна юкъа вогІу, и хьукма дар дагца къобал ца деш, цунна маттаца дуьхьало еш верг. Амма, ша деш долу хьукма Дала доссийначуьнца догІуш доций хуъушехь, цо иза динехь, хІокху аятна юкъа ца вогІу иза, делахь а къа латош хуьлу иза. И хьукма динарг хІокху аято бохучунна юкъавало декхар дац. ХІара ду цунна нийса жоп. АллахІ уггар дика хууш верг ву». («Тафсируль-Кабир», 6/12).

Имам ТІабарис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Дала доссийна доцчуьнца хьукма дар – Іесалла ю, гечдийр долуш долу къа иза лоруш делахь а». (Тафсирут-ТІабари).

### **Цара бусалба нах керста лараран жамІаш** (тІаьхье)

Оцу жамІех уггар хьалхарниг, цара бусалба нах копарш лоруш, цаьрца тІом бар шайн декхар лорар, церан цІий, даьхни, сий шайна хьаналдар ду.

ШолгІа жамІ – иза бусалба нахаца тІом бар хьалха ду, кхин муьлххачу къомаца тІом барал, аьлла, уьш тешна хилар ду. Цара чІагІдарехь, бусалба нах ийман диллинчул тІаьхьа динах юхакхетта бу. Ткъа ийманехь хилла боцчу копаршна цкъа хьалха хазчу дешнашца хьехамаш бора, Делан дош – Къуръан – хозуьйтура, мелла а паргІат буьтура цара уьш. Цундела царна догІуш ду Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла хІара дешнаш: **«Исламан динехь берш бойура цара, хІолламашна** (жІаршна) **Іибадат деш берш ца хьебора»**. Цул доккха тилавалар гой хьуна цхьанхьа а?

ХІара къийсамаш, девнаш, тІемаш бусалба нахана юкъахь баьржина. Оцу тобанашна юкъахь хуьлучу къийсамаша, тІемаша, шеко йоцуш, бусалба нехан ницкъ лахбо (иэшабо), вовшашна юккъе оьгІазло, луьра мостагІалла

кхуллу, церан чӀогӀалла йохош (хаварижийн галбевлла, Ӏеса кхетамаш бахьанехь тахана хӀоьттина хьал санна).

**Хаварижаша бусалба нах байа магадар, цунах цаьрга ларло алар**

Хьалхара: Адам дер хьарам деш диссийна Къуръанан аяташ:

Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху:

**«Цхьамма, шена хаа а хууш,** (бехке воцу) **муъмин стаг вехь, цуьнан бекхам – жоьжахати ю, цу чохь и гуттар лаьттар волуш. АллахӀ оьгӀазвахана цунна, неӀалт а аьлла, Цо доккха Ӏазап а кечдина цунна».** *«Ан-Нисаъ», 93.*

**«Цундела яздира Оха Исраилан берашна: дегӀана дуьхьал а доцуш, я лаьтта тӀехь бечу бохаман дуьхьал а доцуш дегӀ дийнарг – берриге нах байинарг санна ву, иза дийна дитинарг – берриге нах дийна битинарг санна ву».** *«Аль-Маидат», 32.*

**«Шайн догӀмаш ма дайа аш, баккъалла а, АллахӀ шуьца къинхетаме ву. МостагӀаллийца, зуламца и** (цамагийнарг) **динарг цӀерга кхуссур ву Оха. И дан АллахӀна атта ду».** *«Ан-Нисаъ», 29-30.*

Везчу Деле доьху вай, оцу хаварижашна, массо Ӏесабевллачарна тоба дар далар, дохкобевлла, Деле гечдар дехар даг чу тасар; баккъалла, АллахӀ хезаш ву, дехарна жоп луш ву.

ШолгӀа: Адам дерах стаг вухатухуш долу цхьадолу хьадисаш

1 – МасӀудан кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стагана лер – Ӏесалла ю, цунна дуьхьал тӀом бар – куфралла дар ду».** *Бухари, Муслим.* Хууш ма-хиллара, бусалба стагаца тӀом бар – иза веран бахьана хуьлу. Валар а нисло оцу тӀамехь я ца нислуш меттиг йогӀу.

2 – Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХӀаллаквеш долчу ворхӀ хӀуманна генадовла шу».** Цара (асхьабаша) хаьттира: **«ХӀай Делан Элча, муьлхарш ду уьш?»** Цо (Пайхамара) жоп делира: **«Делаца накъост лацар** (ширк); **бозбуунчалла лелор; Дала хьарам дина долу дегӀ дер, бакъо а йоцуш; риба** (процент) **яар; буоберийн даьхни даар; тӀамехь**

**мостагIчух** (кхеравелла) **вадар; оьзда болуш, ларлуш болчу бусалба зударшна тIехь харц цIе кхоллар а».** *Бухари, Муслим.*

3 – Iумаран кIантера IабдуллахIера (Дела реза хуьлийла цаьршинна) деана, Делан Элчано (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Муъмин стаг шен динехь паргIат хиларх** (Делан къинхетаме догдохучуьра) **хедар вац, цо** (АллахIа) **хьарам дина цIий Iаннолц».** *Бухари.*

4 – Iумаран кIантера IабдуллахIера (Дела реза хуьлийла цаьршинна) деана, Делан Элчано (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла, уггар хала хьал, ша-шен оцу хьоле вожийначунна вала меттиг буьтуш доцу – иза, бехк боцуш, Дала хьарам дина цIий Iанор ду».** *Бухари.*

5 – Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дуьне дохар дай ма ду АллахIна гергахь, бусалба стаг верал».** *Бухари.*

6 – Абу СаIида аль-Худрис, Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Стигланийн, лаьттан охIланаша цхьаьна а кхетна муъмин стаг вийча, АллахIа жоьжахати чу кхуьссур бара уьш берриге».** *Тирмизи.*

7 – Абу Дардаа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Адаман хIора къинна гечдан герга ду АллахIа, Делаца накъост лаьцна волуш веллачу стеган а, хаа хууш** (бехк боцуш) **муъмин стаг вийначу стеган а къа доцчунна».** *Абу Давуд.*

Исламо бусалба нехан цIий бен хьарам ца дина аьлла ца моттийта, кхин а хьадисаш далон лаьа тхуна:

8 – Аль-Барраъа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дуьне дохар дай ма ду АллахIна гергахь, цхьана адаман, бехк боцуш, цIий Iанорал а».** *БайхIакъи.* ХIокху хьадисехь къастийна вац бусалба я керста стаг.

9 – Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам- маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба нахаца барт бина, церан махкахь веха кхечу динехь волу**

**стаг вийначунна, шовзткъа шарахь некъ бича а йогIуш йолу ялсаманин хьожа кхетар яц».** *Бухари.*

10 – Абу Бакрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Бусалба нахаца барт бина, церан махкахь веха кхечу динехь волу стаг бехке ву я вац ца хьожуш, иза вийначунна, АллахIа ялсамани хьарам йина».** *Ахьмад, Абу Давуд, Насаи.*

Кхечу некъахула деанчу хьадисехь ду: «**Бусалба нехан чIагIонна кIелахь болчу кхечу динан охIланах стаг** (Зимматан охIла) **вийначунна кхузткъе итт шарахь некъ бича йогIуш йолу ялсаманин хьожа кхетар яц».** *Насаи.*

Лакхахь далийначу аяташка, хьадисашка хьаьжча, Делах кхоьручу бусалба стеган цуьрриг а шеко хир яц, оцу хаварижаша массо заманашкахь нах бойуш дечу зуламех боккха кхерам бу бохучух. Баккъалла, царах лаьцна ала догIу, уьш массо заманахь, массанхьа уггар къиза зуламан дай бу аьлла.

Сийлахьчу Къуръана чохь масаллийна деана Адам-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) шина кIантах долу дийцар. Царах цхьанна шен ваша вен дагадеача, Делах кхерарца совваьллачу шолгIачу вашас элира зулам дан дагадеанчуьнга: **«Со вен суна тIе ахьа куьг кховдадахь а, ас кховдор дац, хьо верхьама, хьуна тIе сайн куьг. Баккъалла, Iаламийн да Волчу АллахIах кхоьруш ву со.** (Со ца вийча хьо Iаш вацахь), **баккъалла, сан къа, хьан къа а хьуна тIехь хила лаьа суна, тIаккха хьо жоьжахатин охIланах а хуьлуш. Иштта бу зуламхошна бен бекхам. Цуьнан дегIо хаздира цунна шен ваша вер, цо иза вийра, тIаккха эшначарех хилира иза».** *«Аль-Маидат», 28-30.*

Везчу АллахIе доьху аса, сайн Iамал къобалъяр, Цуьнан дуьхьа хилийтар а! АллахI ву вай нийсачу некъа дуьгург!

Чулацам

Шайх Юсуф Къордавийн хьалхара дош 3

Жайна хIоттийначун дешхьалхе 10

Хаварижех болу юкъара кхетам 26

Хаварижийн бIаьрла долу сибаташ, билгалонаш а46

Хаварижаш галбовларан (дозанел тIехбовларан) бахьанаш 72

Хаварижех болу кхерам 77

Билгалдахаршна

…

Организационное и методическое руководство выпуском исламской литературы в ГАУ «Телерадиокомпания «Путь» им. А. Кадырова» осуществляет его Генеральный директор А. С. Шахидов.

Составитель – доктор Умар Абдуллах Камил

С арабского – Илесов Арби Алиевич

Рецензенты – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов

Редактор – А. А. Гайтукаев

Верстка – С-М. М. Тасуев

Подписано в печать 08.09.2020

Тираж … экз.

Министерство …..

ГАУ «Телерадиокомпания «Путь» им. А. Кадырова»

Чеченская Республика, г. Гудермес, пр. А. Кадырова, д. 3